ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№141 (24.735) • 2024 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# УпщІэри фІыщІэри зэщІыгъуу

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, хабзэ зэрыхъуам тету, дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ жылагъуэм я упщІэхэм жэуап щарита эфир занщІэр.**




ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КІуэкІуэм жиІащ: «Мыпхуэдэ эфир занщІэхэр ІэмалыфІщ цІыхухэм я упщІэхэм си щхьэкІэ жэуап естынымкІэ, я гурыгъу-гурыщІэхэм щыгъуазэ сыхъунымкІэ».

Эфир занщІэр ирагъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и пресс-ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ Къэтей МуІэедрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и лэжьакІуэ Тыл Алинэрэ. Абыхэм жаІащ щэкІуэгъуэм и 19-м щегъэжьауэ цІыхухэм я упщІэхэр электрон поштым, чатботым, ЩІыналъэр зегъэкІуэнымкІэ ІуэхущІапІэм къыщызэрагъэпэща колл-центрым къызэрырагъэхьым. Абыхэм ящыщхэр Іэтащхьэм иратащ журналистхэм.

Япэр къыздикІар Учебнэ жылагъуэрщ, абы дэт курыт еджапІэм щІэс сабийхэр школым езышалІэ автобусым дэсын шофер зэрамыІэм къыхэкІыу ар къызэрамыгъэсэбэпыфым щхьэкІэ мыарэзыуэ адэ-анэхэр къэтхащ. Іэтащхьэм жиІащ Іуэхур зэрызэхигъэкІынур, сабийхэр тыншу еджапІэхэм екІуэлІэн папщІэ гъэ къэс республикэм автобусыщІэхэр къызэрыІэрыхьэр къыхигъэщащ.

Студием къэпсэлъащ илъэс 85-рэ зи ныбжь нанэр. Ар щІэлъэІуащ и унащхьэр хузэрахъуэкІынымкІэ Іэтащхьэр дэІэпыкъуэгъу хъуну. Шэч хэмылъу унафэщІым нэхъыжьыр къигъэгугъащ икІи зэрызэпищІэну телефоныр ятхащ.

Налшык къалэ щащІ поликлиникэ иныр уэрам зэвым зэрытетым къыхэкІкІэ, машинэ гъэувыпІэ имыІэну гузавэхэм папщІэ КІуэкІуэм жиІащ уэрамыр зы метркІэ нэхъ бгъуэ зэращІар икІи и хъуреягъкІэ машини 160-рэ къыщыувыІэн увыпІэхэр зэриІэнур. Апхуэдэу дыщІигъуащ поликлиникэр илъэсыщІэм ирихьэлІэу хьэзыр зэрыхъунур. Сымаджэщхэм я гугъу щищІым, Іэтащхьэм къыхигъэщащ Онкодиспансерыр и кІэм нэгъэсыныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр икІи ягъэува пІалъэм и пэ къиухуэу зэраухынур.

ЩІыналъэр зегъэкІуэнымкІэ ІуэхущІапІэм и унафэщІ КІэдыкІуей Мадинэ эфирым щыжиІащ махуищым къриубыдэу упщІэу, лъэІуу къырагъэхьар куэд дыдэ зэрыхъур, ахэр нэхъыбэу псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм, гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, узыншагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іэмалхэр нэхъыфІ щІыным теухуауэ зэрыщытыр.

Абыхэм къахихри, упщІэ зыбжанэкІэ Іэтащхьэм зыхуигъэзащ Мадинэ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, лышх узыфэ зыпкърытхэр нэхъ зыгъэпІейтейхэм теухуауэ Іэтащхьэм къыхигъэщащ: «ЗэрыжытІам тету, цІыху 250-м зэуэ щеІэзэн Онкоцентрыр ухуэн доух, мыхьэнэшхуэ еттынущ дохутырыфІхэр абы къешэлІэным, узыфэр зыпкърытхэр къахутэу, адэкІэ зэрагъэхъужыну Іэмал псори абдеж щызэфІэкІыу зэтеублэным. ИджыкІэ лышх узыфэр зыпкърытхэм папщІэ операцэхэр хуиту щрагъэкІуэкІ ди республикэм, абы хуабжьу зиужьащ. ДяпэкІи ар зэредгъэфІэкІуэнум иужь дитынущ».

Налшык къалэ дэт 19-нэ курыт еджапІэм и пэшхэм иджырей технологиехэр зэрыщІэмытыр дерсыр зыхуей хуэзэу егъэкІуэкІыным зэран зэрыхуэхъур къатхащ эфир занщІэм. А Іуэхум Іэтащхьэр щыгъуазэт, еджапІэм и унафэщІым зыкъыхуигъэзауэ. КІуэкІуэм жиІащ школыр зэрыщыту зэгъэпэщыжын зэрыхуейр, куэд щІауэ къызэрамыгъэщІэрэщІэжар, абы дяпэкІэ иужь зэрихьэнур.

Хэкупсэ гъэсэныгъэр иджыпсту къэралым япэ иригъэщхэм ящыщщ. Абы епхауэ ди республикэм щекІуэкІ лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ Іэтащхьэр.

- Абы и лъэныкъуэкІэ Налшык къалэ къыщызэІуахынущ ТекІуэныгъэм и парк, апхуэдэуи ЩІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ министерствэр хуабжьу ядолажьэ къыдэкІуэтей щІэблэм, апхуэдэуи лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ волонтерхэм. Апхуэдэ проектхэмрэ акцэхэмрэ куэд мэхъу, фІыщІэ яхузощІ ди республикэм и цІыхухэм я гуащІэ ди къэралым и текІуэныгъэр нэхъ псынщІэу къэблэгъэным зэрыхалъхьэм папщІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Зи ныбжь хэкІуэта, медицинэм и лэжьакІуэу щыта Гелястановэ Розэ студием къэпсэлъащ. ИкІи Іэтащхьэм хуэтхьэусыхащ и щхьэр МРТ иригъэщІын щхьэкІэ сом 6200-рэ зэрыхуемытыр, чэзум зригъэтхащи, мазитІ хъуауэ зэрыпэплъэр, тІэкІу хукІэрагъэхуми ягъэ зэрымыкІынур щыжиІэм, УнафэщІыр занщІэу пэджэжащ: «ПхукІэрагъэхун хуейуэ аракъым, пщІэншэу пхуащІын хуейщ. Ар нобэ зэфІэзгъэкІыну укъызогъэгугъэ».

Эфирым видеозэпыщІэныгъэкІэ къыхыхьащ Іуащхьэмахуэ жылэм мы махуэхэм щекІуэкІ «Династии героев» проектым хэт щІалэгъуалэр. Ахэр Казбек къелъэІуащ зэІущІэ ядригъэкІуэкІыну, я гурыгъу-гурыщІэхэр, я гупсысэхэр езым хуаІуэтэну гукъыдэж зэраІэр къыхэщу. КъБР-м и къалэхэм, районхэм, къуажэхэм щыщу еджакІуэ 80 хэтщ. КІуэкІуэм жиІащ абыхэм яхыхьэну мурад зэриІар, ауэ Москва лэжьыгъэ ІуэхукІэ кІуэуэ зэригъэтІылъэкІын хуей зэрыхъуар, Іэмал имыІэуи зэрахуэзэнур.

Экономикэм и гугъу щащІым, Іэтащхьэм жиІащ ІуэхущІапІэ зыбжанэ къызэрызэІуахар, дяпэкІэ щыІэ ІуэхущІапІэ нэхъ инхэр, «Телемеханика»-м хуэдэхэр, промышленность псынщІэмкІэ ІуэхущІапІэжьхэр ирагъэжьэжыныр нэхъ хэкІыпІэфІу къызэрилъытэр икІи иджыпсту ахэр «къэгъэпсэужыным» иужь зэритыр.

Республикэм къакІуэурэ зыщызыгъэпсэхухэм ди хэгъэгум и къулеягъыр, дахагъыр, ди цІыхухэм я гуапагъыр ягу зэрырихьар къыхэщу къагъэхьа тхыгъэм къеджащ Тыл Алинэ. Абы ехьэлІауэ Іэтащхьэм жиІащ ди зыгъэпсэхупІэхэр дяпэкІэ нэхъыбэ, нэхъыфІ зэрыхъунур, инвестицэхэр куэду къызэрыхалъхьэр, дяпэкІэ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм унэщІэхэр, хьэщІэщыщІэхэр къызэрыщыунэхунур. Апхуэдэуи абы щылэжьэнухэр гъэхьэзырыным дяпэкІэ гулъытэ хэха зэрыхуащІынур дыщІигъуащ Іэтащхьэм. ИкІи ди хьэрычэтыщІэхэр цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэным хуабжьу зэрегугъур, дяпэкІи нэхъыфІыж хъуну зэрыщыгугъыр жиІащ. Республикэ унафэщІыр тепсэлъыхьащ «Кавказ. РФ»-р республикэм и щІэгъэкъуэну Іуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупІэр зэрырагъэфІакІуэм, къэкІуэну илъэсищым меларди 4 къыхалъхьэну зэрыхьэзырым. Мы гъэм, уеблэмэ мы махуэхэм, кІапсэ гъуэгущІэхэр, лъэрыжэкІэ къыщажыхьыну лъагъуэщІэхэр къызэрызэІуахынур дыщІигъуащ.

ВидеозэпыщІэныгъэкІэ Іэтащхьэм зыкъыпищІащ Май куейм щыщ бзылъхугъэм, 1975 гъэм ящІа еджапІэр кхъахэ зэрыхъуар, зэгъэпэщыжыныгъэ зэрыхуэныкъуэр жиІащ абы икІи къигъэлъэгъуащ. Станицэм щыпсэуми, я сабийхэр иджырей мардэм изагъэ еджапІэ щеджэну зэрахъуэпсапІэр къыхигъэщащ, къагъэщІэрэщІэжыну еджапІэхэм хагъэхьэну лъэІуащ бзылъхугъэр. Іэтащхьэм жиІащ Іэмал имыІэу зэман гъунэгъум зиужь ихьэнухэм зэрахигъэхуэнур. ИкІи дыщІигъуащ къыІэрыхьэ упщІэ, лъэІу псоми езым и щхьэкІэ зэрыкІэлъыплъынур.

ЩІыналъэр зегъэкІуэнымкІэ ІуэхущІапІэм къэпсалъэхэм ящыщ щІэупщІащ Кэнжэ щаухуэ поликлиникэр кІыхьлІыхь щІащІам и щхьэусыгъуэм. Іэтащхьэм жиІащ абы лэжьыгъэр программэм тету зэрыщекІуэкІыр, ауэ и нэІэ зэрыщІигъэтынур.

Налшык дэт аэропортыр зэрызэрагъэпэщыжым щытепсэлъыхьым, КІуэкІуэ Казбек жиІащ абы экономикэ и лъэныкъуэкІэ хэхъуэ республикэм къызэрыхуихьынур. «Ди цІыхухэр Минеральные Воды (Ставрополь край), Беслъэн (Осетие Ищхъэрэ - Алание) мыкІуэу, ди къалэм илъэтыкІыфу зэтеухуэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ар зыхуей хуагъазэмэ, зы илъэсым цІыху мелуан ныкъуэ телъэтыкІыну, къэлъэтэну Іэмал щыІэнущ. ЗыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъунуми шэч хэлъкъым», - жиІащ Іэтащхьэм.

Балигъхэм я мызакъуэу, сабийхэми зыкъыпащІэрт КІуэкІуэм. ИлъэсипщІ зи ныбжьын щІалэ цІыкІур къыщІэупщІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдиз цІыху зэрызригъэдэІуэфым, лэжьыгъэм къыхудэхуэ зэманыр зэригъакІуэм. Абы и жэуапу Казбек жиІащ къемыдаІуэ гуэрхэри къызэрыхэкІыр, абыхэми Іэмал къазэрыхуигъуэтыр, лэжьыгъэм къыхудэхуэ зэманым и пхъурылъху щІалэ цІыкІумрэ хъыджэбз цІыкІумрэ ябгъэдэсыну зэрыфІэфІыр.

Курыт еджапІэхэм, гъэсапІэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэ щегъэкІуэкІыным, абыхэм я Ігъуэблагъэр зэІузэпэщ щІыным теухуа упщІэ куэд къыІэрыхьащ КІуэкІуэ Казбек, апхуэдэуи жылагъуэ транспортыр зэрызекІуэм, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьахэщ. Налшык и Дубки хьэблэм къипсэлъыкІахэм жаІащ япэм ещхьу къалэгъунэм зэрыщыпсэур зэрызыхамыщІэр, школыщІэхэри гъуэгущІэхэри яІэу тыншу псэун зэрыщІадзар. Абы щхьэкІэ фІыщІэ къыхуащІащ УнафэщІым.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ**.

## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Анэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзылъхугъэ лъапІэхэ!

Анэм и махуэмкІэ сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу!

Мы махуэшхуэм ди гум щыз ещІ дэтхэнэ зым ди дежкІи лъапІэ цІыхум хуэгъэза гурыщІэ гуапэр, нэхур, ІэфІыр. Анэ къалэныр пщІэшхуэрэ мыхьэнэшхуэрэ зиІэщ. Фи Іущагъымрэ пэжагъымкІэ унагъуэ жьэгум и хуабагъэр фохъумэ, щІэблэм я щхьэ Іуэху дагъэкІыжыфу, лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр яхэлъу фогъасэ. ФІыщІэ фхузощІ гулъытэ, шыІэныгъэ фиІэу унагъуэм и зэІузэпэщыгъэм фызэрытелажьэм, Урысейм хуэфэщэн щІэблэщІэ зэрывгъасэм папщІэ.

Псом хуэмыдэу фІыщІэшхуэ яхуэфащэщ дзэ Іуэху хэхам хэту ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм, шынагъуэншагъэм лІыгъэ къагъэлъагъуэу щІэзэу щІалэхэм я анэхэм. Хэкум и хъумакІуэ, хэкупсэ нэсхэр зэрывгъэсам папщІэ си щхьэр фхузогъэщхъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу анэхэм сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып, зэІузэпэщыгъэ, фІыгъуэ яІэну.

«Анэм и щІыхь» медалыр тыным и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Бынитхум, абыхэм нэхърэ нэхъыбэм гъэсэныгъэ тэмэм зэрырагъэгъуэтам папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр етын:

**Айтэч** Маринэ Мыхъутар и пхъум - быни 7-м я анэм

**Антоновэ** Еленэ Сергей и пхъум - быни 6-м я анэм

**Вындыжь** Марят Сэрэбий и пхъум - быни 6-м я анэм

**Гепаловэ** Еленэ Анатолий и пхъум - быни 7-м я анэм

**Деваевэ** Маринэ Абдулхьэлым и пхъум - быни 5-м я анэм

**Жабоевэ** Замират Махъты и пхъум - быни 6-м я анэм

**Зыхьэ** Мадинэ Хьэбас и пхъум - быни 5-м я анэм

**КъалакІуэ** Заремэ Нашэрадин и пхъум - быни 5-м я анэм

**Къаныкъуэ** Раметэ Владимир и пхъум - быни 5-м я анэм

**КІэщт** Аксанэ Заурбий и пхъум - быни 5-м я анэм

**Кочетковэ** Иринэ Александр и пхъум - быни 6-м я анэм

**КІуащ** Джульеттэ Ахьмэд и пхъум - быни 11-м я анэм

**Мэкъуауэ** Сэнят Сэфарбий и пхъум - быни 5-м я анэм

**Нэзрэн** ФатІимэ Барэсбий и пхъум - быни 5-м я анэм

**ПщыукІ** Мадинэ МуІэед и пхъум - быни 5-м я анэм

**Шыгъэлыгъуэ** Иринэ Аскэрбий и пхъум - быни 6-м я анэм

**Шыкъ** Иринэ Владимир и пхъум - быни 8-м я анэм

**Щомахуэ** ФатІимэ Михаил и пхъум - быни 6-м я анэм

**Этезовэ** Танзиля Батыр и пхъум - быни 5-м я анэм

**Этезовэ** ФатІимэт Мустэфа и пхъум - быни 5-м я анэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м*
*№133-УГ*




# Гъуэгухэр нэхъыфIыж ящIынущ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Мэзкуу щекIуэкIа «Транспорт зекIуэкIэ зэгъэпэща. Гу зылъытапхъэхэр» зэIущIэм. Ар ирихьэлIащ «Урысейм и транспортыр» зыфIаща XVIII дунейпсо форум-гъэлъэгъуэныгъэм и етIуанэ махуэм, ипэкIэ щIидза «Транспорт тхьэмахуэ-2024» зэхуэсышхуэм и зы Iыхьэу.**

ЗЭIУЩIЭМ къекIуэлIахэр иригъэблэгъащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил. Абы къыхигъэщащ къэралым и транспорт IэнатIэм, санкцэ кърачIылIахэм щхьэкIэ къэмынэу, зэрызиужьым. «Президентыр щхьэхуэу тепсэлъыхьауэ щытащ транспортым и Iэмалхэм зегъэубгъун зэрыхуейм, ар зэманым декIуу, здынэсыпхъэ лъагапIэм нэсын папщIэ. Транспортым и лэжьэкIэм цIыхухэм я псэукIэри, промышленностым, туризмэм зэрызаужьри, щэн-щэхуэным къыпэкIуэ мылъкум и инагъри, лъэпкъ экономикэм и быдагъри епхащ», - жиIащ абы.

Правительствэм гъэхьэзырын еух щIышылэм яублэну лъэпкъ проектыщIэхэр. АбыхэмкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зыщIагъэкъуэну я мурадщ: гъущI гъуэгухэр, кхъухь тедзапIэхэр, аэропортхэр, машинэ зэблэкIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIынущ. Мыхьэнэшхуэ ират лъэныкъуэ псори бжыгъэр зи тегъэщIапIэ Iэмэпсымэхэм папщIэным. Гулъытэ хэха хуащIынущ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырынми.

Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат къыщыпсалъэм, нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьащ къэралым и транспортыр фIыуэ зекIуэн папщIэ, автомобиль гъуэгухэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм. Дызэрыт илъэсым и кIэм ноблагъэ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр. «Илъэсихым къриубыдэу, километри 150-м нэблагъэ гъуэгу е щIэуэ яухуащ, е зэIузэпэщ ящIыжащ. ЩIыналъи 105-м ит машинэ гъуэгухэр зытетыпхъэ мардэм нагъэсащ. Машинэхэр нэхъыбэ, цIыхухэр нэхъ зекIуэрей зэрыхъуам щхьэкIэ къэмынэу, гъуэгум къыщыхъу гузэвэгъуэхэм я бжыгъэр процент 22-кIэ хэщIащ, хэкIуэдахэм я бжыгъэр - процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Илъэсихым и кIуэцIкIэ къыубжмэ, ар цIыхупсэ мин зыбжанэ мэхъу».

И гугъу ящIащ щIыналъэхэм транспортыщIэ етын зэрыхуейми. 2020 гъэм щегъэжьауэ абыхэм ящыщу мин 13-м нэс зэрахъуэкIащ. КъалэнышщIэу зыхуагъэувыж 2030 гъэ пщIондэ цIыхубэр зэрызекIуэ транспорту мин 40-м нэс щIэкIэ зэрахъуэкIыну.

УФ-м транспорт IуэхухэмкIэ и министр Старовойт Роман къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ зи унафэ ищI министерствэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэр - дуней псом нэхъ зыхуей хуэзауэ тет транспорт зекIуэкIэ зэрагъэпэщыныр, Урысейр и экономикэкIи, абы щыIэ псэукIэм и тыншагъымкIи адрей къэралхэм япеуэфын хуэдэу.

«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» проектым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгум и инфраструктурэм фIыкIэ зыщихъуэжащ. Илъэсихым и кIуэцIкIэ машинэ гъуэгуу километр 1118-м нэс зэIузэпэщ ящIащ, лъэмыжхэр хиубыдэу, километр 375-м иджырей уэздыгъэхэр ирагъэувэкIащ, лъэс лъагъуэу 56-рэ яухуащ, гъуэгу нагъыщэрэ шынагъуэншагъэм хэхъуэным хуэунэтIа нэгъуэщI дамыгъэу 1700-м нэс трагъэуващ.

Япэу зыхуей хуагъэзэнухэм хагъэхьэ цIыхубэр зэкIуэлIэрей ухуэныгъэхэр, туристхэм я нэ къызыхуикI щIыпIэ щIэщыгъуэхэр, машинэ куэдыIуэ щызэтрихьэ къалэ, къуажэ гъуэгушхуэхэр. Зытетыпхъэ мардэм дызэрыт илъэсым нагъэсащ иджыри километри 150-рэ, уэздыгъэ трагъэуващ километр 75-м.

ЩIэкIэ яхъуэж цIыхухэр зэрызекIуэ транспортри: зэманым декIу автобус 44-рэ къащэхуащ, аэропортыр зэIузэпэщ ящIыжынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну программэм хыхьэн папщIэ, УФ-м Транспорт IуэхухэмкIэ и министерствэм йочэнджэщ. Президент Путин Владимир а лъэныкъуэмкIэ республикэм и жэрдэмыр къыдиIыгъащ.

КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, «ГъащIэм папщIэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу, дяпэкIи гъуэгу-транспорт къудамэр ирагъэфIэкIуэнущ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр и чэзум зэрахузэфIэкIынум шэч къызэрытримыхьэр.

# Хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я зэпыщIэныгъэр

**Грознэ къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм и XI конференцыр. Апхуэдэ зэхуэсыр щIыналъэхэм чэзуурэ щрагъэкIуэкI хабзэщ, икIи мы гъэм ар Шэшэн Республикэм къылъысащ. Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи пашэ гупри.**



ЛIЫКIУЭХЭМ яхэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис, Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур, Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур, ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир сымэ.

ЗэIущIэм щIадзэным и пэ къихуэу, Кавказ Ищхъэрэмрэ Осетие Ипщэ Республикэмрэ я депутатхэр щыIащ Шэшэн Республикэм и япэ Президент, Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Ахъмат и фэеплъ мывэм икIи удз гъэгъахэр абдеж ягъэтIылъащ.

Зэхуэсыр къыщызэIуахым, Шэшэным и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан и фIэхъус тхыгъэм къеджащ.

ШР-м и Парламентым и УнафэщI Жамалдаев Шаид Iуэхум хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ щIыналъэхэм я зэхущытыкIэхэр ирагъэфIэкIуэныр зэрагуапэр. Абы жиIащ жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ Iуэхухэм зэгъусэу зэрытепсэлъыхьынум мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр. ФIэхъус псалъэхэр жаIащ адрей щIыналъэхэми я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм.

Егоровэ Татьянэ конференцым и къызэгъэпэщакIуэхэми абы хэтхэми защыхуигъазэм жиIащ: «Мыпхуэдэ зэхуэсхэр зэрыщхьэпэр мызэ-мытIэу нэрылагъу хъуащ. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щылажьэ хабзэубзыху IуэхущIапIэ псоми ди къалэнхэр зыщ, абы къыхэкIыу дызэдэлэжьэным, ди зэпыщIэныгъэхэм зедгъэужьыным мыхьэнэшхуэ яIэщ».

Егоровэм къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытар икIи 2011 гъэм накъыгъэм и 27-м Налшык къалэм абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрыщыщIадзар.

- Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я парламентхэр УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым дэлэжьэнымкIэ IэмалыфIщ мы зэгухьэныгъэр. Абы кърикIуаращи, ди жэрдэм куэд къыддаIыгъащ. Шэч хэмылъу, адэкIи дыхущIэкъунущ къэрал хабзэхэр егъэфIэкIуэным ди гуащIэ зэрыхэтлъхьэнум, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Псом хуэмыдэу, дызыхэт зэман гугъум ди къару псори етхьэлIэн хуейщ Урысей Федерацэм и унафэщIхэм къэралым и къэкIуэнум, абы и шынагъуэншагъэм ехьэлIауэ яубзыхуа политикэр ядэIыгъыным. ФIыщIэ яхудощI икIи дропагэ Урысейм и зауэлIхэм, ди хэкуэгъу щIалэхэм, я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, Хэкум хуэпэжу я къулыкъур зэрырахьэкIым папщIэ!

Егоровэ Татьянэ дыщIигъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир игъэбелджыла къалэнхэр гъэзэщIэным теухуауэ Кавказ Ищхъэрэм и депутатхэм ялъэкI къызэрамыгъэнэнур. Ар конференцым хэтхэм ехъуэхъуащ щIыналъэхэм зезыгъэужьыну Iуэхугъуэхэр, жэрдэмхэр къайхъулIэну.

Конференцым Iуэхугъуэ 16-м щытепсэлъыхьащ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм щыщыIэ гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэхэр зыхуэдэмрэ я лъабжьэу.



Зэхуэсым къыщагъэлъэгъуа федеральнэ законхэм я проекthэм ящыщу тIур КъБР-м и Парламентым игъэхьэзырат. Ахэр: «УФ-м Административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и Кодексым и Iыхьэ 12.3-мрэ 12.37-мрэ халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ехьэлIауэ» федеральнэ закон №728324-8-м и проектыр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэр нэхъ псынщIэу зэрыхэплъэным хуэгъэхьэзырынымрэ «Полицэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 12-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» проектымрэ. Абыхэм зэIущIэм хэтхэм яхутепсэлъыхьащ Мэлбахъуэ Борис.

Конференцым и кIэм зэгухьэныгъэм и къыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр щрагъэкIуэкIыну пщэрылъ ящащIащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым.

Егоровэ Татьянэ журналистхэм щепсалъэм жиIащ: «Къыхэзгъэщыну сыхуейт КИФЩI-м и Парламент зэгухьэныгъэм и XI конференцыр купщIафIэ зэрыхъуар. Iуэхугъуэ къэтIэтахэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я закъуэкъым зыхуэгъэзар, атIэ къэрал псом и дежкIи мыхьэнэ яIэщ. Федеральнэ хабзэхэм ятеухуа проекти 7 къыхалъхьати, тIур КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ жэрдэмхэм я зыр УФ-м и Правительствэм къыддиIыгъауэ УФ-м и Къэрал Думэр хэплъэн хуейуэ зэрыщытыр. Дыщогугъ зэман гъунэгъум абы и IуэхукIэ хъыбарыфI къытIэрыхьэну. Конференцыр зэрекIуэкIам арэзы сыкъищIащ, жэрдэмхэр псори къыддаIыгъащ».

Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм хэтхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм ящыщщ къэрал хабзэхэм зрагъэужьыныр, цIыхум и хуитыныгъэхэр щызэхуэдэ къэралым и Iуэхухэр ирагъэфIэкIуэныр, политикэ, социальнэ, экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм ехьэлIауэ зэчэнджэщыныр парламентхэм я зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъуныр, нэгъуэщIхэри.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***



# Дунейм и щытыкIэри зэран къахуэмыхъуу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэ лэжьыгъэхэр жыджэру ирагъэкIуэкI. Дунейм и щытыкIэри абыкIэ зэран къахуэхъуркъым - иужьрей махуэхэр уэфIщи, зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэм хъарзынэу хагъэщI.**

КъБР-м и щIыналъэхэм я администрацэхэм мэкъумэш-промышленнэ комплексымкIэ щыIэ управленэхэм къата хъыбарымкIэ, нобэкIэ бжьыхьэсэр хагъэзэгъащ гектар мин 55,5-м, абы щыщу гуэдзым ирагъэубыдащ гектар мин 38,5-рэ, хьэм - гектар мини 10,4-рэ, рапсым - гектар мини 6,2-рэ, адрейр - Iэщым ирагъэшхын къэкIыгъэ щхъуантIэхэмрэ тритикалэмрэ.

Нэгъабэ хуэдэуи, етIанэгъэ кърахьэлIэжыну гъавэр тращIэнущ псори зэхэту гектар мин 65-м щIигъум. Бжьыхьэсэ жылапхъэхэм къадэкIуэу щIыгъэпшэрхэри хьэсэхэм халъхьэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м зэхэтынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***



# Хъыбар нэпцIхэм хуэсакъын хуейщ

**Москва щокIуэкI «Диалог о фейках 2.0» етIуанэ дунейпсо зэхуэсыр. Абы къэпщытакIуэу холэжьыхь къэрал 65-м щыщ къулыкъущIэу 1000-м щIигъу. Зэхуэсым хэтщ США-м, Австралием, Аргентинэм, Уругвайм, Перум, Франджым, Ирландием, Испанием, Нидерландхэм, Швейцарием, Австрием, Великобританием, Германием, нэгъуэщI къэралхэми я лIыкIуэхэр.**

ЗЭХУЭСЫМ хэту екIуэкIынущ зэIущIэу 7. Абыхэм щытепсэлъыхьынущ хъыбар нэпцIхэр зэбгрызыгъэкIхэм зэрапэщIэтыну Iэмалхэм, хэкIыпIэу щыIэхэм, уи фIэщ пщIы мыхъунухэм.

Зэхуэсым Iэ щытрадзэнущ хъыбар нэпцIхэм япэщIэтынымкIэ дунейпсо ассоциацэ къызэрызэрагъэпэщынумкIэ дэфтэрым. Абы къыщагъэлъэгъуэнущ хъыбар нэпцIхэр цIыхухэм зэран зэрахуэхъум теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр, абыхэм уазэрыпэщIэт хъуну мардэ гъэбелджылахэр.

- Зэхуэсым къыщыдгъэлъэгъуэнущ хъыбар нэпцIхэм пэщIэтынымкIэ дунейпсо ассоциацэ къызэIухынымкIэ ди еплъыкIэр. Ар нэхъыщхьэу зытелэжьэнур махуэ къэс зи бжыгъэм хэхъуэ хъыбар нэпцIхэм интернетым исхэр щыхъумэнырщ. Ди бжэхэр зэIухащ хъыбарыпцIхэм пэщIэт дэтхэнэм папщIи, ар сыт хуэдэ къэралым и лIыкIуэуи ирехъу, - къыхигъэщащ «Диалог» зэгухьэныгъэм и унафэщI Табак Владимир.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ятеухуауэ

**Зи нэм сэкъат иIэхэм я библиотекэу Налшык дэтым тхылъ щхьэпэм иращIэкIа зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы и унафэщI, социологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хьэмдэхъу Жаннэ зэхигъэува, «Народы Кабардино-Балкарии. Этнокультурный атлас» зыфIищар дунейм къытехьащ Урысей Федерацэм и Президентым лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ щэнхабзэ, гъуазджэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным хухэха и грантымкIэ. Ар къыщыдэкIащ «Принт-Центр» тхылъ тедзапIэм, и бжыгъэр щищ хъууэ.**



**● ТхылъыщIэ**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым тхылъыр зи IэдакъэщIэкIым жиIащ ди республикэм щыпсэу нэхъ лъэпкъышхуищым - адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм - нэмыщI адрейхэм я гугъу зыщI литературэ зэуIуу дызэримыIэм лэжьыгъэм зрипщытыну гукъэкI зэрыригъэщIар. «Сыхуейт ди цIыхухэм, щIыналъэм и хьэщIэхэм, зыплъыхьакIуэхэм, мащIэ-куэдми, лъэпкъ цIыкIухэр къезгъэцIыхуну, я щыIэкIэ-псэукIэм, я хабзэм, щэнхабзэм щыгъуазэ сщIыну. Апхуэдэу мы тхылъым итщ лъэпкъ 13-м теухуа тхыгъэхэр, ахэм щыжыIа псори сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ щIэгъэбыдауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я тхыпхъэщIыпхъэ щхьэхуэхэр зэхэгъэуващ, ахэр ди республикэм и картэ теплъэ хъужу тхылъым и тебзэм зэрыщыфлъагъум щIагъыбзэу щIэгъэпщкIуащ абы и мыхьэнэр», - жиIащ Жаннэ.

НапэкIуэцI 232-рэ хъу, и лъагагъ-бгъуагъкIи къызэрыгуэкIым нэхърэ нэхъ ин тхылъышхуэр тецIуукI тхылъымпIэфIкIэ тедзащ. Ит сурэтхэращи, зэрыщхъуэкIэплъыкIэм къыдэкIуэу, апхуэдизкIэ IупщIщи, къопсэлъэным хуэдэщ. Музейхэм (нэхъыбэр Налшык дэт Лъэпкъ музейм) щахъумэ хьэпшыпыжьхэр, щыгъыныгъуэхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр, сурэтхэр, хьэкъущыкъухэр, алэрыбгъухэр, унэлъащIэхэр, Iэщэ-фащэхэр, нэгъуэщI куэди итщ абы, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къадекIуэкIа хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ уи нэгу къыщIагъэхьэу. Жаннэ тхылъым и кIэух напэкIуэцIым къызэрыщыхигъэщащи, абыхэм яхэтщ Интернетым и напэкIуэцI зэIухахэм къыщащтахэри. А псом я тхыдэм ущызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр щIэныгъэлIми къызэрыгуэкI цIыхуми, студентхэмрэ курыт еджапIэм и класс нэхъыжьхэм щIэсхэми къагурыIуэн хуэдэу тыншщ, къеджэгъуафIэщ, купщIафIэщ.

Тхылъыр IыхьитIу гуэшащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым бжыгъэкIэ нэхъыбэу щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ» Iыхьэм, ди республикэм и этнографие картэкIэ къызэIуихым, къыщыхьащ урысхэм, тыркухэмрэ тырку-месхетинхэмрэ, къущхьэхэм, цыджанхэм, ермэлыхэм, нэгъуейхэм, азербайджанхэм, шэшэнхэм, тэтэрхэм, украинхэм, куржыхэм ятеухуа тхыгъэхэр. ЕтIуанэм, «Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралыгъуэ щхьэхуэ зыщI лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ» зи фIэщыгъэм хохьэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я бзэм, хабзэхэм, диным, IуэрыIуатэм, уэрэд, къафэ гъуазджэхэм, псэуалъэхэм, IэщIагъэхэм, нэгъуэщI куэдми ухэзыгъэгъуазэхэр.

Тхылъыр библиотекэм и интернет напэкIуэцIым электроннэу илъынущ, зи нэм имылъагъухэм папщIэ къеджэу ирагъэтхынуи я мурадщ.

Библиотекэр зи кIуапIэ, зи нэхэм ямылъагъу нэхъыжьхэм зыкъызрагъэхьэлIа пщыхьэщхьэр лъэпкъ макъамэхэмкIэ ягъэдэхащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и гъэсэнхэм, гитарэ, пшынэ еуэ ныбжьыщIэхэм. ЗэIущIэм и кIэухыу, IуэхущIапIэм 2017 гъэ лъандэрэ иригъэкIуэкI «Илъэсым и щIэджыкIакIуэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэм щытекIуахэр ягъэлъэпIащ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ.*



# ЩIэпхъаджагъэхэм щахъумэн мурадкIэ

**Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №15-м щэкIуэгъуэм и 20-м дерс щекIуэкIащ щIалэгъуалэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыхъумэным теухуауэ.**

8 - 11-нэ классхэм щеджэхэм яIущIащ Налшык къалэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и управленэм балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэм и инспекторхэу КъарэцIыкIу Викториерэ ДыщэкI Заринэрэ, Урысейм и МВД-м и управленэу Налшык щыIэм и жылагъуэ советым хэт Газаев Масхут сымэ.

КъищынэмыщIауэ, Iуэхум хэтащ курыт школым и унафэщI Бачиевэ ФатIимэтрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ абы и къуэдзэ Аппаевэ Маринэрэ.

IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа дерсыр щхьэпэт. Ахэр хущIэкъуащ «экстремизм», «терроризм», «радикализм» псалъэхэм я мыхьэнэмрэ дэтхэнэми щIэпхъаджагъэр зэрилъабжьэмрэ щIалэгъуалэм я деж зэрынахьэсы-ным. НыбжьыщIэхэм къащIащ къаIэта Iуэхум и шынагъуагъэмрэ экстремизмэм къыхуезыджэхэм хабзэкIэ жэуап зэрырагъэхьымрэ. IэщIагъэлIхэр тепсэлъыхьащ щIэпхъаджащIэхэм щIалэгъуалэр Iуэху мыхъумыщIэхэм зэрыхашэ щIыкIэхэм, апхуэдэхэм зэрызыщахъумэну Iэмалхэм.

ЗэIущIэм и кIэм ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ Сабийхэм я дунейпсо махуэмкIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# УпщIэ зиIэхэм яхуэзэнущ

**Урысей МВД-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м сыхьэт 12-м яхуэзэнущ Урысей МВД-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и лэжьыгъэм ехьэлIа упщIэ зиIэхэм.**

АР ЯХУЭЗЭНУЩ щэкIуэгъуэм и 27-м нэсыху лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 хъуху зезыгъэтхахэм 8(8793) 23-82-40 мы телефонымкIэ.

ЦIыхухэм щаIущIэнущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Кулиев Къ.Ш. и проспект, 10 Б (КъБР-м щыIэ МВД-м и унэ).

Узихэтыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъ пIыгъын хуейщ.

***Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 23,** *щэбэт*

♦**ПсыкIэ зэIыпх хъу лэчым и дунейпсо махуэщ**

♦**1965 гъэм** СССР-м и Кинематографистхэм я союз къызэрагъэпэщащ

♦**1794 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэдж, филолог, узэщIакIуэ **Нэгумэ Шорэ**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ **Уэрэзей Афлик**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист **НэщIэпыджэ Замирэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 24,** *тхьэмахуэ*

♦**Мыщэхуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ анэм и махуэр**

♦**1927 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Опереттэм и къэрал театрыр.

♦**1956 гъэм** КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ балъкъэр, къэрэшей, къалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм, Кавказым я тхыдэр зыджа, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Половинкинэ Тамарэ**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей радиожурналист **Гъубжокъуэ Раметэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 25,** *блыщхьэ*

♦**ЦIыхубзхэм залымыгъэ якIэлъызехьэным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм я махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ пшынауэхэм я махуэр**

♦**1935 гъэм** СССР-м щагъэуващ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Пётр**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЛIыхъусэжь Хьэжрэтбий**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ХъуакIуэ ФатIимэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. Хуабэр махуэм градус 1, жэщым градус 0 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэгум щIэхур гум йохуж.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ Сэралъп Мадинэ

*Модельер-дизайнер цIэрыIуэ, «Институт культурного наследия и развития» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI Сэралъп Мадинэ ящыщщ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, адыгэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъэхьэныгъэфI хуэзыщI ди цIыху цIэрыIуэхэм. И ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу, Мадинэ зыхуэдгъаззэри и лэжьыгъэхэм я гугъу едгъэщIащи, къыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*



**- Мадинэ, уи IэщIагъэм лъабжьэ хуэхъуам утезгъэпсэлъыхьынут. ИтIанэ, дэрбзэр умыхъуамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэт къыхэпхынур?**

- Сурэтыжьхэмрэ си анэшхуэм сызыщIигъэдэIуахэмрэщ си IэщIагъэм и къежьапIэр жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Си насыпт а сурэтхэр ди унагъуэм зэрыщахъумамкIэ, абыхэм деплъу дыкъызэрыхъуамкIэ. Лъэпкъ фащэхэр куэду абыхэм къыщыгъэлъэгъуат.

Пасэрей фащэр дахэщ, цIыхубэм я гугъуехь хэлъщ. Ди нэхъыжьыфIхэм къагупсысыфат апхуэдиз дахагъэ дуней псом тет лъэпкъхэм зыдалъагъу ди фащэр. ДыщэпскIэ хэдыкIа фащэм дыжьын бгырыпхыр щIыгъужу - ар телъыджэт! Абыхэм сыдамыхьэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Илъэс 14 сызэрыхъурэ дэрбзэр IэщIагъэм сыпыщIащ, абы сыдихьэхащ. НэгъуэщI Iуэху сыпэрыхьэнуи сигу къэкIакъым. Иджы сыхэдэн хуей хъуамэ, дохутырпсихиатр IэщIагъэр къыхэсхыну къыщIэкIынт. Ноби абы щIэупщIэ зэриIэр долъагъу.

**- Лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр дынырщ, иджырей зэманым къезэгъыу ахэр къэгъэщIэрэщIэжынырщ нэхъыбэу уи лэжьыгъэр зытеухуар. Илъэс 20 е 30-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Европэм я фащэхэр нэхъ щатIагъэу щытами, иужьрей илъэсхэм адыгэ фащэм и щIэупщIэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар, щIалэгъуалэм ар къызэращтэжар нэрылъагъущ. Сыт абы и щхьэусыгъуэу къэплъытэр?**

- Совет зэманым къигъэувырт щауэмрэ нысащIэмрэ европей фэилъхьэгъуэхэр щатIэгъэну. 90 гъэхэм щыщIэдзауэ хуитыныгъэ диIэщ ди щхьэ Iуэху зетхуэжыну, ди лъэпкъ щэнхабзэр, гъуазджэр ипэкIэ дгъэкIуэтэну. Ди фащэр адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ нэхъ къызэрекIурщ, ди щIыналъэм ар нэхъ къызэрезэгъырщ а щIэупщIэм и щхьэусыгъуэр зыхэлъэгъуапхъэр. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм, къалэшхуэхэм иджыри щынэрылъагъущ европей фащэхэм нэхъ щIэупщIэ зэрыщаIэр. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къалэ, щIыналъэ цIыкIухэм ди Iуэху еплъыкIэр нэгъуэщIщ, ди лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, дыкъызыхэкIам пыщIэныгъэ ин худиIэщи.

Сыт щыгъуи хьэлкIэ зэпIэзэрыт ди лъэпкъым и фащэхэм щIыхь дэплъагъуу, нэгъуэщIхэм щапхъэ яхуэхъуу къэгъуэгурыкIуащ. ЦIыхубз фащэм цIуугъэнэ куэд хуейкъым, абы пудыфэ къытрегъэауэри. ЩэкI къуэлэнхэмрэ цIуугъэнэхэмрэ лейт. Зэманыр кIуэху, цIыхум и еплъыкIэми зехъуэж, нэгъуэщI гупсысэкIэ иIэ мэхъу. Зи лъэпкъым и блэкIам, къызыхэкIам пыщIэныгъэ хузиIэ, абы зи гупэ хуэзыгъэззэжа ди щIалэгъуалэр иджы нэхъ дахьэх хъуащ къэдгъэщIэрэщIэжа фэилъхьэгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, хьэгъуэлIыгъуэ, гуфIэгъуэ щхьэкIэ фащэ къыщащтэм деж, ныбжьыщIэхэр зэплъыр мы зэманым къедгъэзэгъахэрщ.

**- Махуэ къэс щатIагъэ, адыгэ тхыпхъэхэр, уагъэхэр зыхэт, хэдыкIа щыгъыныгъуэхэри зэрывдым сыщыгъуазэщ. Абыхэм щIэупщIэр ди щIыналъэм щыпсэухэра, хьэмэрэ Урысейм и къалэшхуэхэм щыщхэми ящэхурэ?**

- Фащэр лъэпкъым и «теплъэр» къэзыгъэлъагъуэ пкъыгъуэ дахэщ. Пасэрейм фащэр зэраду щытам сурэтхэмкIэ ущеплъыжкIэ, нэрылъагъущ ди нэхъыжьхэм ягъэхьэзыру щытахэмрэ дэ иджыпсту длэжьымрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Лъэпкъ фащэхэм хуэдэу, «стилизованнэ» фащэхэри бдыну тыншкъым, сыту жыпIэмэ иджыпсту мыхьэнэшхуэ ират бостей гъэдэхэкIэмрэ гъэщIэрэщIэкIэмрэ. Абыхэм фащэр я гъащIэт, я гупсысэт. Дэ фащэм етт мыхьэнэр нэхъыбэу зытещIыхьар ар ди дунейгъэдахэу зэрытлъытэр арагъэнщ.

ХьэгъуэлIыгъуэ, нысашэ фащэхэм къинэмыщIауэ, диIэщ нэгъуэщI фэилъхьэгъуэхэри. Махуэ къэс щатIагъэ е гуфIэгъуэ пшыхьхэм зэрыкIуэ хъуну къыщIэдгъэкI щыгъыныгъуэхэр лъэпкъ псоми яхуэгъэзащ. Абыхэм щIэупщIэм мыхьэнэ зратыр зэманым къезэгъыу е дизайнер Сэралъп Мадинэ и IэрыкIыу зэрыщытырщ. Ди щыгъыныгъуэ псоми щIэупщIэ яIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ FRONT. FASHION IуэхущIапIэм дыдолажьэ.

«Стилизованнэ» жыхуэтIэ фащэхэм хьэгъуэлIыгъуэ лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр уигу къагъэкIыж. Сипхъу нэхъыжь Лалини къыздиIыгъщ а лэжьыгъэр. Фащэм и «пкъым» уеплъмэ, пасэм ар къызыхащIыкIыу щыта щэкIхэр бэлыхьтэкъым, куэд я уасэуи щытакъым. Зэманым къызэрыпхыкIарщ ахэр лъапIэ зыщIар. Нэхъ щэкIыфIым иджырей фащэхэр къыхэтщIыкIми, ахэр IэкIэ дакъым, машинкэкIэ ягъэхьэзыращи, я «гъащIэр» нэхъ кIэщIыну къыщIэкIынущ.

**- Уипхъухэу Лалинэрэ Ликэрэ уи лъагъуэм зэрырикIуэжар гъэщIэгъуэнщ...**

- ЗэрытщIэщи, дохутырхэм, сурэтыщIхэм, мэкъумэшыщIэхэм, нэгъуэщI IэщIагъэ зиIэхэм я бынхэм я Iуэхум пащэж. Мыбдежи аращ: си хъыджэбзитIыр зэрыцIыкIурэ зыщIэспIыкIам дихьэхащ, си лэжьыгъэхэм кIэлъыплъурэ зыхуагъэсащ IэщIагъэ дахэм. Си IэщIагъэр къыхаха мыхъуу, зэрыцIыкIурэ абы хэту къэхъуащ. Щыгъынхэм я дизайным дихьэх хъыджэбзхэм лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэми гу-лъытэшхуэ хуащI.

Лалинэ графикэ дизайн лэжьыгъэр къыхихащ. Езым и принтхэр къигупсысыжауэ цIыхубз, цIыхухъу фэилъхьэгъуэхэр, сабий щыгъынхэр егъэдахэ. И лэжьыгъэхэм щIэупщIэ яIэщ. Зайцев Вячеслав и школыр къиухащ. Лики дизайнер IэщIагъэр къыхихащ, езыми иIэжщ щхьэхуэу зэлэжь. Щыми дэрбзэр IэщIагъэ диIэми, пыухыкIауэ тщIэмкIэ дызэрызэтемыхуэм срогуфIэ, дызыпэрыт Iуэхум щIэщыгъуагъ хэтлъхьэну Iэмал диIэщи.

**- Урысейм и къалэшхуэхэм, хамэ къэралхэм ящыщ цIыху цIэрыIуэхэри уи лэжьыгъэхэм щIоупщIэ...**

- Гуапэ сщохъу музейхэм я унафэщIхэр, актёрхэр, гуфIэгъуэ пшыхьхэр езыгъэкIуэкIхэр ди щыгъыныгъуэхэм зэрыщIэупщIэр, утыкушхуэхэм иритыну, дуней псом и щIыналъэхэм щекIуэкI зэхыхьэшхуэхэм ирихэтыну. Хэт сыхуэдэми, цIыху къызэрыгуэкIыу е цIэрыIуэу щрети, си лэжьыгъэм и фIагъыр згъэмащIэркъым. КIэщIу жыпIэмэ, Санкт-Петербург е Москва, нэгъуэщI къалэхэм къикIами Налшык щыщми зыкъысхуэзыгъаззэ дэтхэнэ цIыхури згъэщIэхъуркъым.

Гуапэщ си лэжьыгъэ зыбжанэ Урысейм и музейхэм я гъэтIылъыгъэхэм хэлъу зэрахъумэр. Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, Иорданием щыпсэухэм ящыщхэми си фэилъхьэгъуэхэм щыщхэр зэрызэрахьэр.

**- ЦIыхубэ фащэхэм я гъэхьэзырыкIэм и хабзэми, фэилъхьэгъуэхэм я пкъыгъуэхэми, зэманым къигъэщI дахагъэм и щIэупщIэми пэджэж художник-модельерым уи IэрыкIхэм я фIагъым кIуэ пэтми зэрыхэбгъахъуэр нэрылъагъущ. Уи лэжьыгъэхэр сыт хуэдэ утыку щыбгъэлъагъуэрэ?**

- Ди лъэпкъ фащэхэр «КъуэкIыпIэм и музейм» щыдгъэлъэгъуащ. Сыт хуэдэ ахэр жыпIэмэ, махуэ къэс зепхьэ хъуну, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «стилизованнэ» фащэхэрщ. Куэд щIакъым «Зэманым и псыежэх. Адыгэ фащэм теухуа къэхутэныгъэ» выставкэр Санкт-Петербург, Москва, Мейкъуапэ, Владикавказ, Налшык къалэхэм зэрыщыдгъэлъагъуэрэ. Iуэхур адыгэ фащэм и тхыдэм ехьэлIа си къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пызыщэт. Абы хыхьэу утыку итхьащ адыгэ цIыхубз, цIыхухъу лъэпкъ фащэхэр, иджырей гъащIэм а фэилъхьэгъуэхэм щаубыд увыпIэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр щIыгъуу. АбыкIэ ди къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ фащэхэр къызэрыщ, хужь-фIыцIэ плъыфэу зэхэлъ сурэтхэр дгъэлъэгъуэнырт, лъэпкъ фащэхэм дахьэххэм фэилъхьэгъуэхэмрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ нэхъ гъунэгъуу зэпаплъыхьын папщIэ. Гъэлъэгъуэныгъэм еплъахэм ар щIэщыгъуэ ящыхъуащ икIи а фэилъхьэгъуэхэм яIэ щIэупщIэм нэхъри хигъэхъуащ.

**- Фи лэжьыгъэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ мурадхэр фиIэ?**

- ДыкъэмыувыIэу дяпэкIи дылэжьэну, ди фэилъхьэгъуэхэр дгъэлъэгъуэну ди мурадщ. Адыгэхэм я мызакъуэу, дуней псом щыпсэухэр дэзыхьэхыну щыгъынхэр къыщIэдгъэкIынырщ сызыхуэпабгъэр.

**- Тхьэм къуигъэхъулIэ, Мадинэ! Уи унагъуэкIи лэжьыгъэкIи гуфIэгъуэ ущымыщIэну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**









## Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос. Дети». Новый сезон. Финал. Прямой эфир (0+)
**23.55** Спецпроект. «30 лет вместе». «Розыгрыш» (16+)
**01.45** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**17.30** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе!» (12+)
**00.50** «Истории Большой Страны» (12+)
**01.50** Х/ф «СПАСЕННАЯ ЛЮБОВЬ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Квартирный вопрос» (0+)

### ЗВЕЗДА

**06.50** Т/с «ДРУЖИНА» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** «Маршалы Сталина». Иван Баграмян (16+)
**11.00** «По горячим следам» (16+)
**11.20, 13.25** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**14.40, 15.05** Х/ф «БУДУ ПОМНИТЬ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**17.15** «Студия Грекова. Искусство на передовой» (16+)
**18.00** «Арктика. Новая холодная война». «Севморпуть» в будущее» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» (12+)
**20.30** «Война миров». «КГБ против ЦРУ. Операция «Фантом» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Какая песня без баяна?!» Сергей Войтенко и «Баян Микс», фолк-группа «ДУШАгрея», трио «Elegato», дуэт «Аппасионато Дуо» и баянист-виртуоз Владимир Розанов (12+)
**00.50** Х/ф «СЕМЬ НЕВЕСТ ЕФРЕЙТОРА ЗБРУЕВА» (16+)
**02.30** Х/ф «АРМИЯ «ТРЯСОГУЗКИ» (16+)
**03.50** Х/ф «АРМИЯ «ТРЯСОГУЗКИ» СНОВА В БОЮ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Д/ф «Нормандия - земля воинов»
**08.00** «Жизнь и судьба»
**08.20** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.20** Спектакль «Секретарши»
**12.00** Открытая книга
**12.45** XXV Международный телевизионный конкурс юных музыкантов «Щелкунчик»
**14.50** Х/ф «ДРАМА». «ЭКЗАМЕН НА ЧИН» (16+)
**15.45** «Энигма»
**16.45** Письма из провинции
**17.15** Мастер-класс
**18.10** Больше чем любовь
**19.00** Уроки русского. Чтения
**19.45** Главная роль
**20.05** Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя птица»
**21.05** Д/ф «Моя жизнь в кинозале»
**21.55** Х/ф «ГОРОД ЗЕРО» (16+)
**23.50** «2 Верник 2»
**00.50** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ «СВЯТОГО ЛУКИ» (16+)
**02.25** М/ф «Знакомые картинки». «Эксперимент». «А в этой сказке было так...». «Крылья, ноги и хвосты»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Большой хоккей» (12+)
**07.00, 13.10, 15.25** Новости
**07.05, 19.30, 22.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.30** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Ханты-Мансийска
**10.20** Небесная грация (0+)
**10.40** Футбол. FONBET. Кубок России. Обзор (6+)
**11.30** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Ханты-Мансийска
**13.15** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.50** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.55** Футбол. «Балтика» (Калининградская область) - «Алания» (Владикавказ). МЕЛБЕТ-Первая Лига. Прямая трансляция
**22.55** «Центральный круг» (12+)
**23.25** Футбол. FONBET. Кубок России. Обзор (6+)
**00.15** Теннис. Трофеи Северной Пальмиры. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**01.55** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Трансляция из Ханты-Мансийска (0+)

## Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Владимир Вдовиченков. Готов отдать себя на растерзание» (12+)
**11.05** «Играем свадьбу!» (12+)
**12.15** Д/ф «Константин Симонов. Жди меня, и я вернусь» (16+)
**13.15** Поехали! (12+)
**14.10** «Наше все» (12+)
**15.00** «ПроУют» (0+)
**15.50** Д/ф «Леонид Гайдай. Все бриллианты короля комедии» (12+)
**16.55** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Х/ф «БРИЛЛИАНТОВАЯ РУКА» (16+)
**20.10** «Эксклюзив» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.10** Х/ф «ТРЕУГОЛЬНИК ПЕЧАЛИ» (18+)
**02.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.50** «Доктор Мясников» (12+)
**12.55** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ПОЛЯРНЫЙ ПАПА» (16+)
**00.40** Х/ф «КУЗНИЦА СЧАСТЬЯ» (16+)
**04.10** Х/ф «ДЕЛА СЕМЕЙНЫЕ» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Попутчик» (16+)
**14.15** «Чудо» (6+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Своя игра» (0+)
**18.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**21.00** «Ты не поверишь!» (16+)
**22.00** «Секрет на миллион» (16+)
**23.55** «Международная пилорама» с Тиграном Кеосаяном (18+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.15** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.00** Х/ф «ОСТОРОЖНО, БАБУШКА!» (16+)
**07.30** Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «Легенды музыки». Юрий Богатиков (12+)
**10.15** «Легенды кино». Александр Кайдановский (12+)
**11.05** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**11.55** «Не факт!» (12+)
**12.30** «Родная» (16+)
**13.20, 19.25** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**21.15** «Галерея Звезд». Владимир Маслаченко (12+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.45** Х/ф «ЗЕМЛЕТРЯСЕНИЕ» (16+)
**01.30** Х/ф «ЖИВЫЕ И МЕРТВЫЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Про Веру и Анфису». «Про Веру и Анфису. Вера и Анфиса тушат пожар». «Вера и Анфиса на уроке в школе»
**07.35** Х/ф «ЖИЛ-БЫЛ НАСТРОЙЩИК...» (16+)
**08.45** «Мы - грамотеи!»
**09.30** Д/ф «Ход к зрительному залу...»
**10.10** Х/ф «ИСПЫТАТЕЛЬНЫЙ СРОК» (16+)
**11.45** XXV Международный телевизионный конкурс юных музыкантов «Щелкунчик»
**13.50** «Рассказы из русской истории»
**15.20** Большая опера. Лучшее
**17.00** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ «СВЯТОГО ЛУКИ» (16+)
**18.35** Линия жизни
**19.30** Новости культуры
**19.45** Д/ф «Свой среди чужих, чужой среди своих». По всем законам нашего тяжелого времени»
**20.25** Х/ф «СВОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ, ЧУЖОЙ СРЕДИ СВОИХ» (16+)
**22.00** «Агора»
**23.05** Х/ф «КРЕЙЦЕРОВА СОНАТА» (16+)
**01.40** Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

**06.00** «РецепТура» (6+)
**06.30** «Центральный круг» (12+)
**07.00, 11.30** Новости
**07.05, 11.35, 15.30, 18.00, 20.00, 22.30, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Одиночная смешанная эстафета. Прямая трансляция из Ханты-Мансийска
**10.55** Биатлон с Дмитрием Губерниевым
**12.25** Теннис. Трофеи Северной Пальмиры. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**15.55** Футбол. «Барселона» - «Лас-Пальмас». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**18.25** Теннис. Трофеи Северной Пальмиры. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**20.25** Футбол. «Боруссия» (Дортмунд) - «Бавария». Чемпионат Германии. Прямая трансляция
**22.55** Футбол. «Вальядолид» - «Атлетико». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.55** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Одиночная смешанная эстафета. Трансляция из Ханты-Мансийска (0+)
**02.55** Биатлон с Дмитрием Губерниевым (12+)

## Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10, 02.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**06.50** Играй, гармонь любимая! (12+)
**07.35** «Часовой» (12+)
**08.05** «Здоровье» (16+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** Х/ф «ПО СЕМЕЙНЫМ ОБСТОЯТЕЛЬСТВАМ». К 85-ЛЕТИЮ ГАЛИНЫ ПОЛЬСКИХ» (16+)
**16.05** Х/ф «БРИЛЛИАНТОВАЯ РУКА» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Точь-в-Точь» (16+)
**21.00** «Время»
**23.00** Что? Где? Когда? (16+)
**00.10** Концерт Гарика Сукачева в Олимпийском (16+)

### РОССИЯ 1

**06.40** М/ф «Смотрим мультфильмы»
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00** Вести
**11.30** Большие перемены
**12.30** «Истории Большой Страны» (12+)
**13.30** Т/с «ФАНТАЗЕР» (16+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Юморина-2024» (16+)
**17.00** «Песни от всей души» (12+)
**18.00** Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица»
**19.00** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.35** Х/ф «РОДНАЯ КРОВИНОЧКА» (16+)

### НТВ

**05.00** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**05.50** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.05** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Шоу Аватар». Новый сезон (12+)
**23.20** «Звезды сошлись» (16+)
**00.55** «Основано на реальных событиях» (16+)

### ЗВЕЗДА

**04.55** Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
**06.15** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Сергей Лисин (12+)
**11.30** «Легенды госбезопасности». «Михаил Дедюхин. На страже гостайны» (16+)
**12.20** «Война миров». «КГБ против ЦРУ. Операция «Фантом» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой (16+)
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска» (16+)
**22.10** «Легендарные матчи». «Чемпионат мира 1993. Гандбол. Мужчины. Финал. Россия - Франция» (12+)
**00.20** Х/ф «УСНУВШИЙ ПАССАЖИР» (16+)
**01.50** Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Кот в колпаке». «Цветик-семицветик». «Возвращение блудного попугая»
**07.35** Х/ф «АДМИРАЛ НАХИМОВ» (16+)
**09.10** Диалоги о животных
**09.50** Х/ф «СВОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ, ЧУЖОЙ СРЕДИ СВОИХ» (16+)
**11.30** «Метод Сократа»
**12.10** XXV Международный телевизионный конкурс юных музыкантов «Щелкунчик»
**14.10** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.55** Х/ф «ДИКАЯ СОБАКА ДИНГО» (16+)
**16.30** «Картина мира с Михаилом Ковальчуком»
**17.10** «Пешком...»
**17.40** «Романтика романса»
**18.35** Д/ф «Александр Титель. Мой ковчег»
**19.30, 19.45** Новости культуры
**20.25** Х/ф «ИСПЫТАТЕЛЬНЫЙ СРОК» (16+)
**22.05** Опера «Севильский цирюльник»
**00.45** Х/ф «ЖИЛ-БЫЛ НАСТРОЙЩИК...» (16+)
**01.55** Диалоги о животных

### МАТЧ!

**06.00** Новости
**06.05, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**07.30** Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Женщины. 10 км. Прямая трансляция из Тюмени
**09.40** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Смешанная эстафета. Прямая трансляция из Ханты-Мансийска
**11.20** Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Мужчины. 10 км. Прямая трансляция из Тюмени
**13.25** Теннис. Трофеи Северной Пальмиры. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**14.55** Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Локомотив-Кубань» (Краснодар). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**16.55** Футбол. «Торино» - «Наполи». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**19.00** Футбол. «Краснодар» - «Спартак» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**21.30** «После футбола» с Георгием Черданцевым
**22.55** Футбол. «Реал Сосьедад» - «Бетис». Чемпионат Испании. Прямая трансляция

## ОТР

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 25**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Плъырыныр зи къалэн» (12+)
**6.30** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «IэпщIэлъапщIэ». Телевизионнэ фильм. РАХ-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бажэ щхьэхынэ цIыкIу». Гуащэ театрым и спектакль (6+)
**8.40** «Кэнжэ и жыг хадэхэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**17.20** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**17.55** «Хэкупсэхэр». Дзэ Iуэху хэхам и ветеран Мэзло Заурбэч (12+)
**18.25** ГъащIэ кIыхь Габоев Аслъэн (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 26**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортыр гъащIэм и хабзэщ» (12+)
**6.30** «Хэкупсэхэр». Дзэ Iуэху хэхам и ветеран Мэзло Заурбэч (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**7.45** «Дэнэ къыщыщIидзэр Хэкум?» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Къэбэрдей» (12+)
**8.30** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**8.40** ГъащIэ кIыхь Габоев Аслъэн (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**17.25** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.40** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**17.50** «Эффект Кумахова». Телефильм (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 27**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**6.40** «Ракурс». Бахъсэн къалэ дэт ГъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэр №1-нэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**7.20** «Спортым къыхэжаныкIахэр». КъБР-м айкидомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Ерчэн Алим (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэгъусэу доджэ» (12+)
**8.30** «ПыIэ плъыжь цIыкIу». Республикэ гуащэ театрым и спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ…» (12+)
**17.20** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.55** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Эфендиев Сэлихь теухуауэ (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 28**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Эфендиев Сэлихь теухуауэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Тхыдэмрэ иджырей гъащIэмрэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**08.40** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
**17.55** «ТщIэн икIи тщымыгъупщэн папщIэ». Хэку зауэшхуэм и ветеран Джатэжьокъуэ Хьэжпагуэ теухуауэ (12+)
**18.35** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29**
**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «ТщIэн икIи тщымыгъупщэн папщIэ». Хэку зауэшхуэм и ветеран Джатэжьокъуэ Хьэжпагуэ теухуауэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр» (12+)
**7.30** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Воровченкэ Г. (12+)
**8.20** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Къэбэрдей уэрамыр» (12+)
**17.20** «Насып» ансамблыр (12+)
**17.50** «Шу закъуэ». КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIа зэхыхьэхэр (12+)
**18.20** Альпинисткэ Пекъу Алинэ ягъэлъапIэ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30**
**6.00** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр». ХьэхъупащIэ Бэрокъуэ (12+)
**6.25** «Юнона и Авось». Пермь театрым и макъамэ спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
**7.05** «Хэкупсэхэр». Ток-шоу (12+)
**8.05** Альпинисткэ Пекъу Алинэ ягъэлъапIэ (12+)
**8.30** «Шу закъуэ». КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIа зэхыхьэхэр (12+)
**17.00** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**17.40** «Дэр нэмыщI зыри». Жылагъуэ лэжьакIуэ, псапащIэ Ичетовкин Сергей (12+)
**18.15** «Лъэхъэнэмрэ гъащIэмрэ». УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ефэнды Джылэхъстэн къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу (12+)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1**
**6.00** «Дэр нэмыщI зыри». Жылагъуэ лэжьакIуэ, псапащIэ Ичетовкин Сергей (12+)
**6.35** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**7.15** «Лъэхъэнэмрэ гъащIэмрэ». УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ефэнды Джылэхъстэн къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**8.00** «Юнона и Авось». Пермь театрым и макъамэ спектакль. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.00** Гутеев С. «Мастэм щышынэ хьэщхьэвылъэ». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.05** «Шу закъуэ». КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.50** «КъэкIуэнур - нобэм». Альпинисткэ Пекъу Алинэ (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (16+)

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 25**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Ракурс». Фэеплъым и аллея. Санкт-Петербург къалэ (12+)
**6.25** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Псалъэр ейщ щэнхабзэм!» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Албар». IэпщIэлъапщIэ Байсиев Алим (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Спортым нэхъ дихьэх унагъуэ» (12+)
**17.40** «Гъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Фэр папщIэ!». Макъамэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.55** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Атабиев Гъумар и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**20.05** «Бзылъхугъэ сурэт». Аруан къуажэ дэт Гъуазджэхэмкlэ сабий еджапIэм и унафэщI ХьэцIыкIу Ритэ (12+)
**20.35** «Дзэм къулыкъу щащIэну щыкIуэ зэман» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 26**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**6.30** «Бзылъхугъэ сурэт». Аруан къуажэ дэт Гъуазджэхэмкlэ сабий еджапIэм и унафэщI ХьэцIыкIу Ритэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Узэреплъщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.25** «Дзэм къулыкъу щащIэну щыкIуэ зэман» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Атабиев Гъумар и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.45** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ псы хущхъуэхэр (16+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**17.30** «Зэпсэлъэныгъэхэр» (12+)
**18.05** «Усыгъэ». Зэгъэщтокъуэ Людмилэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Щэнхабзэм хуэлажьэ хэкупсэ». КъБР-м и цIыхубэ артист Куэт Къанщобий (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.45** «Эффект Кумахова». ЩIэныгъэлI, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Мурадин теухуа телевизионнэ фильм (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 27**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Зэпсэлъэныгъэхэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Усыгъэ». Зэгъэщтокъуэ Людмилэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.20** «Щэнхабзэм хуэлажьэ хэкупсэ». КъБР-м и цIыхубэ артист Куэт Къанщобий (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Езым и дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.45** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Макъамэ». Пшынауэ Къуэдз Залым (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.50** «Бгыхэмрэ бгырысхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.30** «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
**18.50** «КъэкIуэнур – нобэм». Альпинисткэ Пекъу Алинэ (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «СщIэну сыхуейщ!». Тележурнал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.10** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.50** Химик-щIэныгъэлI Шурдым Гъэзэли къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** Химик-щIэныгъэлI Шурдым Гъэзалий къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «СщIэну сыхуейщ!». Тележурнал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Узэгугъур къогугъуж» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Уи зэман». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**17.45** «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Си гукъэкIыжхэр». Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къэгъэзэж Людмилэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.55** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Iуащхьэмахуэ лъапэ (12+)
**20.05** «Спектр». ТхакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щауэ Ибрэхьим (12+)
**20.35** «Сценэм къыхуигъэщIа». Актер Хъуран Мурадин. Москва къалэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Спектр». ТхакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щауэ Ибрэхьим (12+)
**7.40** ГъащIэ кIыхь Габоев Аслъэн теухуауэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Къыхэхахэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.35** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». Дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь Хьэтыхъу Анзор (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Лъэхъэнэмрэ гъащIэмрэ». УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ефэнды Джылахъстэн къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**18.50** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «IэщIагъэлIхэр» (12+)
**20.25** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.45** «ФIым тележьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.05** «Дызэгъусэу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30**

**6.00** Булгаков Михаил. «Собачье сердце». Пермь театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
**7.10** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». Япэ Iыхьэ (12+)
**8.05** «ФIым тележьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.25** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Атабиев Гъумар и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.15** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**18.15** «Нобэрей бзылъхугъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.05** «Ёзден адет» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.45** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**20.00** «Махуэшхуэ». «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская Правда» газетхэр илъэсищэ зэрырикъум и щIыхькIэ гуфIэгъуэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**20.50** КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «Хэт ухъуну?» ГъукIэ Марьянэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** Булгаков Михаил. «Собачье сердце». Пермь театрым и спектакль. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**7.40** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». ЕтIуанэ Iыхьэ
**8.35** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.50** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.25** Спидым ебэныным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу. «Iуэху еплъыкIэ» (12+)
**17.50** «Лъэпкъ жьэгур мыужьыхыу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Зэманым дыкъыхихащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Махуэшхуэ». «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская Правда» газетхэр илъэсищэ зэрырикъум и щIыхькIэ гуфIэгъуэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**19.40** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Урысейм и лIыхъужь Тэмазэ Тимур (12+)
**20.25** КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 25**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** Къэрмокъуэ Мухьэмэд. «Уэсят» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Гупсэхугъуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «Адыгэ макъамэм и зэщIэжьыуэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Литературэм хуэлажьэ» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Макъамэм и дунейм». Жашуев Башир (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 26**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ЦIыху щыпкъэ». Чипчиков Борис (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Адыгэхэр: тхыдэмрэ хабзэмрэ» нэтынхэм щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Вагъуэ закъуэ». Думэн Мурадин (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХъыбарIуатэм и пхъуантэ цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Щэнхабзэ щIэин». ЩауэцIыкIу Людмилэ адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 27**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ ахэр зыхъумахэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Ислъам диным рэ гъащIэмрэ». Аккаев Хьэсым (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Лъэпкъ хьэгъуэлIыгъуэм и хабзэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм и Iущагъыр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Микрофоныр - сабийхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Сэлам узох, сымыцIыху» Iуэтэжыр. Чипчиков Борис (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЦIыхубзым и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 28**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ЛIакъуэ». Сумаевхэ я лъэпкъыр (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Пшынэм и макъыр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Дызэрыгушхуэ, ди напщIэм телъ». ЩоджэнцIыкIу Алий (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** ХьэIупэ ДжэбрэIил. «Хъыджэбз уэрэдхэ» вокально-симфоние циклыр (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Гъут Iэдэм. «Адыгэ IуэрыIуатэр» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфониер» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Республикэм и губгъуэхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.50** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Адыгэ пшынэжь» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «ЦIыхум и гъащIэр лъэпкъым и къекIуэкIыкIэм пыщIащ». Теунэ Хьэчим (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Нанэ и гуащэр». Гулиев Мэжид (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Чехов Антон. Инсценировкэ ящIа Iуэтэжхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 11.35** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)
**11.35 - 12.00** «ГуапагъэкIэ къыддэгуашэ». Сосмакъ Валентинэ (урысыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 25**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщыгъупщэ хъунукъым». Хэку зауэшхуэм и ветеран Ахъуэбэч Исхьэкъ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Къумахуэ Мурадин (12+)
**17.55** «Ливадие уардэунэм и щэхухэр»
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 26**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Вагъуэ бын». Ульбашев А. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ЛIакъуэ». Арщыдан къуажэ. Ещанэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 27**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Каменномост къуажэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** Сабийхэм хуащIэ псапэ Iуэху
**17.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». УсакIуэ ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 28**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Псэм и лъагапIэ». СурэтыщI Сарбашев Азнор и гъэлъэгъуэныгъэ
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ЦIыхухэмрэ къэхъукъащIэмрэ». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ библиотекэр (12+)
**17.55** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Лъахэхутэ БатIитI М. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщымыгъупщэн папщIэ». Къагъырмэс Хь. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Пэшым екIу сурэт». СурэтыщI ФиIэпщэ А. (12+)
**18.00** Урысейм и этнографие музейр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр Санкт-Петербург дэтыр (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 25**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 26**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 27**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 28**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 30**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 1**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

**● Ди псэлъэгъухэр**

# БЭЛАГЪЫ Любэ: Упсэуным лIыгъэ хэлъщ

***ЦIыхухэр зэрыцIыхуну я натIэ итмэ, дауэ мыхъуами, зэгуэр зрихьэлIэнущ ахэр. Сытми и пIалъэ иIэжщ, сытри и чэзум къокIуэ, зэрыжаIэщи. Ар ехьэлIащ сызытепсэлъыхьыну зэщхьэгъусэхэми сэ абыхэм нэIуасэ сазэрыхуэхъуа щIыкIэми...***

ЖУРНАЛИСТИКЭМРЭ литературэмрэ IэщIагъэ схуэхъуа нэужь, зи IэдакъэщIэкI къэсцIыхуа нэрыбгэ гъэщIэгъуэнхэм ящыщт къэбэрдей усакIуэ, тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Бэлагъы Любэ. Голливудым къыщацIыху кинорежиссёр, «Кавказ» трилогие цIэрыIуэр, нэгъуэщI куэди зытха, композитор, Урыс-Кавказ зауэ лъэхъэнэм зи хэкур зрагъэбгына ди лъэпкъэгъухэм къатепщIыкIыжа Къандур Мухьэдинрэ Къармэхьэблэ щыщ Любэрэ я насыпыр къызэрекIуэкIар псысэ дахэу къысщыхъурт.

Абы щыгъуэщ япэу дыдэу роман стхыну сигу къыщыпылъэдар. Сыхуейт зи Iуэхур дахэ хъуа а цIыхуитIым я лъагъуныгъэр къэзгъэлъэгъуэну, сытетхыхьыну, цIыхухэм къезгъэщIэну. Уеблэмэ къезгъэжьат тхыгъэр, ауэ романым зыщеспщытым сыкъэшынэжри, сыкъикIуэтыжащ... СыщIалащэт, езы тIум языхэзи дызэрагъэцIыхуауэ дызэуэршэрылIатэкъым, си нэгу къыщIэзгъэхьэ мыхъумэ, къысхуаIуэтатэкъым я къекIуэкIыкIари, сыпэмылъэщмэ жысIэу, сыкъэгузэвэжари хэлът.

Арами, Любэ телевизорым къигъэлъагъуэу срихьэлIэху, и тхылъыщIэ къыдэкIауэ слъагъуху, и хъыбар къэIуху, си Iэр къалэмымкIэ Iэбэрт езыр-езыру. ИтIанэми, зыгуэр схуэчэмти, сызэщIэнэжырт. Езым къысхуиIуэтэжа хъыбар пэж хъунт сызыпэплъэри къэслъыхъуэри.

Iуэхум укъимыутIыпщу, дэнэкIи ущрихьэлIэу, зыгуэрым абы зэпымычу уришалIэ къыпщыхъуу къыхохуэ гъащIэм. Апхуэдэт сэри... Любэ и гугъу къысхуэзымыщI щыIэжтэкъым: «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и тхьэмадэ Хьэх Сэфарбий, усакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан и щхьэгъусэ Ритэ, къыздэлажьэ пщащэхэр. «УмыпIащIэ! И чэзур къэсакъым», - къызжиIэ хуэдэт зыгуэрми, жыIэдаIуэу сыпэплъащ ГъащIэм а Iуэхум сызэрыришэлIэжынум.

Абы лъандэрэ илъэс 17 - 18 дэкIыжауэ, Iуэху гуэркIэ Любэрэ сэрэ дызэпсэлъэн хуей хъуащ иджыблагъэ... КуэдымкIэ ди акъыл зэтехуэу къыщIэкIри, зи щхьэгъусэфIыр зыIэщIэкIа усакIуэм и дзыхь къызигъэзащ, сэри зы зэман сиIа хъуэпсапIэм - Къандурымрэ Бэлагъымрэ роман ятестхыхьыну зэгуэр сызэрыщIэхъуэпсам - сыхутепсэлъыхьащ.

«Илъэс куэд мэхъу сэ хэкум щыщ журналистхэм интервью зэрезмытрэ. Си гум укъыдыхьащ, ди акъыл зытехуащ, си гум щысхъумэ гукъэкIыжхэр къызжьэдэпшыфащи, Мухьэдин дунейм зэрехыжрэ илъэс зэрырикъум ехьэлIауэ интервью уэстыну сыхуейщ», - жиIащ усакIуэм. Ар гуапэ сщыхъуащ, дауи, ауэ зы пщыхьэщхьэкIэ къыпхуэмыIуэтэн гъащIэ хъыбарт едгъэжьари, тхьэмахуэ бжыгъэкIэ мащIэ-мащIэурэ дыуэршэращ, Хэкужьымрэ Инджылызымрэ зэпызыщIэ телефон лъэмыжыр ди дэлэлу.

Псалъэпэм кIыхьлъыхь зезгъэщIами, и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым, жи. АтIэ ди уэршэрым щIэдзапIэ хуэхъуар Любэ и «статусым» къытригъэува сурэтырт. Абы къыщыгъэлъэгъуат зэщхьэгъусэхэм я щIалитIыр ящIыгъуу пщэфIапIэ хуитым щIэсу, адыгэ шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зытет Iэнэшхуэм пэрысу, псори гуфIэу, нэжэгужэу. Сурэтым къиищ пщэфIапIэр Европэм я унэ щIыкIэм зэремыщхьыр нэм къыщIэуэрти, ар щытраха щIыпIэм сыщIэмыупщIэу схуэшэчакъым.

- Мыр унэм къыгуэтщIыхьыжа пщэфIапIэщ. Дыщыпсэур илъэс 400-м щIигъу ныбжь зиIэ уардэ унэщи, и архитектурэм ухэIэбэу Инджылыз законым идэркъым. Iэмал имыIэу къэралым хуитыныгъэ къеIыпхын хуейщ, мыпхуэдэ ухуэныгъэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэплъхьэн папщIэ. Адыгэм и лъым хэтщ куэду пщэфIэныр, Iэбэныр, ухуэныр. Ди нэ къикIырт пщэфIапIэшхуэ диIэну, хуиту сыщыпщафIэу, дыщызэхэсу, дыщызэдэуэршэру. Зыкъомрэ хуитынығъэ къыдамыту гугъу дехьащ, ауэ псори щызэхуэхъум, адыгэ пщэфIапIэшхуэ къыпытщIыхьыжащ. Инджылызхэм я пэшхэр цIыкIуу, лъахъшэу ящI. Псори зытещIыхьыжар экономикэрщ: хуабагъэр унэ кIуэцIым щыпхъумэн папщIэ, пэшхэр цIыкIуу щытын хуейуэ къалъытэ. ГъэсыныпхъэкIэ гугъу йохь къэралри, апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэнщI а щыщIэныгъэхэр. Аращи, пасэ зэманым унэр лъагэу зэращIу щытам хуэдэу иджы ящIыжыркъым. Сэ къуажэм сыкъыщалъхуащ, Мухьэдини Амманыр къуажэу щыщыта лъэхъэнэм дунейм къытехьати, къуажэм къыщыхъуауэ жыпIэ хъунущ. Дызэсар адыгэ унэ хуитхэрт, пщIантIэшхуэт, ар ди лъым хэтти, Виндзор щыIэ унэхэр нэхъ къыдэзэгъыу къэтлъытэри, пэшышхуэхэу, лъагэу мы унэр къэтщэхуауэ щытащ. Къуажэм удэсым хуэдэу къыпщохъу. Дауэ мыхъуами, и теплъэр ткъутакъым, ди адыгэ пщэфIапIэривэгъэзэгъдыдэукъыпытщIыхьащ. Тыркум къикIауэ адыгэ бзылъхугъэ гуэр щыпсэурт мыбы, и къуитIыр щIыгъуу къэIэпхъуауэ. Виндзор шхапIэ къыщызэIуихат абыи, лэжьапIэм щыкIуэкIэ ди унэм блэжырт. «Фи унэм сыкъыщысым деж адыгэмэ къысщIехьэ», - жиIэрт абы. Мухьэдини арат жиIэр: «ГъащIэр мэкIэщ зэрызыхэсщIэр». ГъэщIэгъуэнкъэ?! Адыгэмэ зыщыуа жыхуаIэр арагъэнщ. Си гуапэт апхуэдэу щыжаIэкIэ, теплъэкIэ, мэкIэ дызэрыадыгэр дыкъызэращIэр. Сэ абы сропагэ. ДыкъэзыгъэщIам фIыщIэ хузощI сызэрыадыгэмкIэ!

**- Мухьэдинрэ уэрэ ныбжьышхуэ фи зэхуаку дэлъми, щхьэж гъащIэр зищIысыр вгъэунэхуауэ фызэрихьэлIауэ, акъылымрэ гумрэ зэтехуэу зэгуэгъу фызэхуэхъуауэ къысщохъу**...

- 1970 гъэхэм тхылъитI итхри, ахэращ Мухьэдин Голливудым зыхьар, апхуэдизкIэ къехъулIати. Дунейм къыщацIыхуу, хьэрычэтми ехъулIэныгъэшхуэхэр щиIэу дызэхуэзащ. И творчествэр зэпигъэуауэ, макъами имытхыу, хьэрычэтым зритарэ и къару псор абы хуэгъэзауэ апхуэдэт. Мухьэдин щхьэгъуситI иIат. Унагъуэм пыщIауэрэ, творчествэр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэкIауэ, и «Кавказ» трилогиери Iэрытхыу, зыщIыпIи нэмысауэ апхуэдэт. Сэ сщIэрт абы щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIын къарурэ зэчийрэ зэрыбгъэдэлъыр. Тхэн, усэн, щIэщыгъуэ къэгъэщIыныр къызэныкъуэкъу цIыхум ар и чэзум дунейм къытримыгъэхьэмэ, къофыкI, уз щыхих щыIэщ. Зэгуэр Лондон щыIэ Гринпаркым дрикIуэрэ пэт и гущIэм къыщызэщIэуша макъамэм Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэмкIэ партиехэр къришын щIидзащ. «Скрипкэри, пианинэри, виолончелри зэхызох, ахэр мыпхуэдэущ зэрыIун хуейр», - жиIэрт. «А псори зэхэгъэщхьэхукIауэ, зэпкърыхауэ уи гум щилъкIэ, щхьэ макъамэ умытхрэ?! Ар Тхьэм къыббгъэдилъхьа зэчийщ, хуитыныгъэ епту дунейм къытумыгъэхьэныр гуэныхьышхуэщ», - жысIэри, тезгъэгушхуащ. А зэманым диктофон къызэдесхьэкIырти, езгъэтхащ къриш макъамэр. Унэм дызэрынэсыжуи, етIысылIэри, нотэхэмкIэ итхауэ щытащ. Абдеж щыщIидзэри, Мухьэдин и симфониехэмрэ тхылъ 47-рэ итхащ. А цIыхухъур зыгъатхъэр щэхуу гукIэ игъафIэ творчествэрат, ауэ абы зритыну Iэмал имыIэу дызэрыгъуэтати, нобэр къыздэсым сропагэ хьэрычэтым къыхэсшу гъуазджэм къызэресшэлIэжам. Езыми итхыжащ ар къызэрекIуэкIар. Хуэзгъэдахэрт, згъэгушхуэрт, зыщIэзгъакъуэрт. Абы и псэм щыщIэр макъамэкIэ, тхылъымпIэкIэ къызэриIуатэм укIэлъыплъыну сыт и уасэт! Лъэщу дызэпищIащ абы... Япэ дыдэу бзылъхугъэм къыгурыIуэу, ар къызыхуигъэщIар зыхищIыкIыу арати, езыми лъэкI къигъэнакъым сэри зызужьынымкIэ. Мис апхуэдэу, зыр зым и щIэгъэкъуэну дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ. Ауэрэ 2002 гъэм щIидзэжащ кино техынри. А псори зы цIыхум екIуу хэзагъэу, дэтхэнэри къехъулIэу зэдихьын папщIэ гений жыхуаIэм хуэдэу ущытын хуейщ. Сэ апхуэдэут ар къызэрысщыхъур - цIыху Iущу. ИкIи къызгурыIуэрт апхуэдэ цIыхум и хуитыныгъэр фIыщэу зэрилъагъур, и щыIэкIэ-псэукIэмкIи, творчествэмкIи, и гурылъхэмкIи зэран ухуэхъу зэрымыхъунур. Ауэ щыхъум, унагъуэ Iуэхути, адэ, щхьэгъусэ къалэнти жысIэу сымылъахъэу, хуитыныгъэшхуэ естауэ щытащ. Уеблэмэ и IэдакъэщIэкIхэр хузэздзэкIыу, чэнджэщэгъу сыхуэхъуу, зэIущIэхэр къыщызэригъэпэщкIэ сыдэIэпыкъуурэ щызгъэпсынщIэу. Мухьэдин зэхищIыкIащ ар икIи сэ зызужьынымкIэ и къару щымысхьыжу дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, арат унагъуэ быдэм и щэху нэхъыщхьэр - зыр адрейм къыгурыIуэныр, зыщIигъэкъуэныр.

**- ТхакIуэр, усакIуэр, сурэтыщIыр дунейм ехыжа нэужь, алъандэрэ зыми имылъэгъуа, имыцIыхуа и лэжьыгъэ гуэрхэр дунейм къытохьэ. Нэхъыбэми къэхъур аращи, а иужьрей IэдакъэщIэкIырщ нэхъ цIэрыIуэ хъур. Къандур Мухьэдин нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ къызэрытцIыхун, нэгъуэщIынэкIэ дезыгъэплъын гуэр дунейм къытехьэну, Любэ?**

- ЩыIэщ зы тхылъышхуэ, Мухьэдин и гъащIэр къызэрекIуэкIар и IэкIэ итхыжауэ. ЕхьэкI хэмылъу къеIуэтэж псори. А тхылъыр адыгэм и пщалъэкIэ егъэлеящ, адыгэлIым утыку кърихьэ мыхъун куэдкIэ щIэджыкIакIуэм догуашэ. Псом хуэмыдэу сэ стеухуауэ етх гум ехуэбылIэ куэд. ЖыпIэнуракъэ, ди хьэлщэным къимытIасэ, лIыр зытемыпсэлъыхь гурыщIэхэр наIуэ къещI. А тхылъыр инджылызыбзэкIэ тхауэ Мухьэдин къыдигъэкIауэ щытащ езыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу. Сэ ар урысыбзэкIэ зызодзэкIри, зи гугъу пщIы тхылъым хуэдэ хъуну си гугъэщ. КъызэлъэIуат ар а тхылъым сэри романкIэ сыпэджэжыну, тхакIуэ зэщхьэгъусэхэм зэхуатха тхылъхэр гъуэзэджэ хъуну жиIэу. Ауэ сэ кинофестивалхэр къызэгъэпэщыным сыпыщIат, и нэм тэмэму зэримылъагъужым къыхэкIыу, езым и тхыгъэщIэхэр къэзыщыпыр сэрати, сыхунэсакъым. Компьютерым тетщ программэ, птхам макъкIэ къеджэжу. Тездзам едэIуэжырт, зригъэзэхуэжырт. Ар нищIыса нэужь, зэман сиIэ хъури, сэри а тхылъым сыпэджэжу роман щIэздзат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэзмыгъэс щIыкIэ Мухьэдин дунейм ехыжащ. Къыхэгъэщыпхъэщи, къызэрыщIэздзар инджылызыбзэт. Апхуэдэу цIыху нэхъыбэ еджэну къысщыхъурт. Ауэ, сегупсысыжри, урысыбзэкIэ стхымэ нэхъыфIу къэслъытэжащ. Сыту жыпIэмэ, нэхъыбэ еджэмэ нэхъыфIщ жыхуэсIэмкIэ сыщоуэ, сызыхуейр - а тхылъым адыгэр еджэнырщ. Езы Мухьэдин псори наIуэу зэритхыжам хуэдэу, сэри къэсча гъуэгуанэр ехьэкI-къехьэкI хэмыту сотх, дызэрызэхуэзар, дызыщхьэпрыкIа гугъуехьыр, нобэр къыздэсым къыткIэлъызыкIуэхь псалъэмакъхэм я пэжыпIэр къызоIуэтэж.

**- ГъэщIэгъуэнкъэ, апхуэдиз гъуэгуанэрэ щIыналъэрэ зи зэхуаку дэлъ, зэ еплъыгъуэкIэ, зэи зыщIыпIи зыщрихьэлIэн хуэмеяхэр зы зэрыхъур?! Апхуэдэхэм деж уи фIэщ мэхъу ди щхьэщыгум зыгуэр зэритыр. ТхакIуэшхуэ гуэрым ди гъащIэм и сценарийр итхауэ, абы тету дыпсэум хуэдэщ.**

- «Къысхуэгъэгъу Хэкур си ягъэкIэ зэрубгынар», - къызжиIауэ щытащ Мухьэдин, дунейм ехыжын ипэкIэ. Абы сыфIэпсэкIуэдт къыздалъхуаи сыкъэзылъхуаи къэзгъанэу, щIым и гъунэм сызэрыкIуам, сызэсахэм сазэрыпэIэщIэм къыхэкIыу. Сэ апхуэдэутэкъым абы сызэреплъыр... Тхьэм Iэдэм къигъэщIри, абы и дзажэ налъэм Хьэуа къыхищIыкIыжауэ жаIэ тхылъ лъапIэхэм. Ар пэжрэ, щхьэж езым къыхуигъэщIа гъуэгу иIэр хьэкъмэ, сэ си гуэгъу зэрызгъуэтам сринасыпыфIэу сыдэпсэуащ Мухьэдин. Инджылыз, Иордание дэнэ къэна, нэгъуэщI вагъуэщIым щыпсэуми, си щхьэгъусэу Тхьэм къызхуигъэщIам сыкIэлъыкIуэну сыхьэзырт! Пэжщ, нэхъапэIуэкIэ гъащIэ зырыз диIэу дыпсэуащ тэлайрэ. Ауэ а псор къэдгъэщIыну, лъэбакъуэу тчым зэгуэр дызэришэлIэжыну ди натIэ итти, и пIалъэр къэсу дызэрыгъуэтыжауэ си фIэщ мэхъу. Мухьэдинрэ сэрэ илъэс 30 къызэдэдгъэщIащ. Зи гугъу сщIа романым зэрыщитхамкIэ, а къызэдэдгъэщIа гъащIэ пычыгъуэрщ щхьэгъусэу, адэу щытыным и IэфIыр щызыхищIар. «Илъэс дапщэ хъурэт Мухьэдин?», - жаIэу щIэупщIэрэ, илъэс 85-р зэхахамэ, я напIэр ирахьэх цIыхухэм, гъащIэ къигъэщIащ, ныбжьышхуи фи зэхуаку дэлъащ жыхуаIэу. Ауэ цIыхухэм ящIэркъым икIи зэи къагурыIуэнукъым дэ тIум къызэдэдгъэщIа илъэс 30-м насыпу, IэфIу, лэжьыгъэу, ехъулIэныгъэу хэлъамрэ, абы дэ дригушхуэу, дгъэлъапIэу, дыхуэсакъыу зэретхьэкIамрэ. Мухьэдин си дежкIэ щхьэгъусэ къудейтэкъым - ар дуней псот. И зэфIэкIыр, гупсысэкIэр, лэжьэкIэр, апхуэдиз къару къыздрихыр згъэщIагъуэу сыдэпсэуащ. Сэ абы сызэрыхущытар къэбэрдей уэркъ пщащэм образ хуэсщIри, къыщызгъэлъэгъуащ «Гуащэнэ» тхылъым.

**- Уэ езыр уусакIуэ цIэрыIуэу, уи щIэныгъэр кууэ, IэщIагъэр дахэу укъицIыхуащ Мухьэдин. Лэжьыгъэ IуэхукIэ Мухьэдин къеIыпха интервью срихьэлIэри, седжауэ щытащ зэгуэр. Ар къызэрыбгъэпсэлъамрэ епта упщIэхэмкIэ наIуэт фи дуней еплъыкIэкIи, фи щIэныгъэкIи фызэрызэпэгъунэгъур**...

- Курыт еджапIэм сыщIэсу усэ тхын щIэздзащ. Си адэшхуэ Къумыкъу Хьэжысмел си усэхэр Дзэлыкъуэ куей газетым яхуихьурэ къытрырагъадзэрт. ИужьыIуэкIэ, Щхьэлыкъуэ дыкъэIэпхъуа нэужь, Шэджэм щIыналъэм щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм сахыхьэм усэ сыкъыщеджэурэ гу къыслъатат. СыкъыдэкIуэтейуэ си усэ Iуэху зесхуэну щесхьэжьам, япэ дыдэу сызыбгъэдыхьауэ щытар Нало Заурщ. Москва сыщеджэну сыщыкIуэм си творчествэм теухуауэ КIыщокъуэ Алим сытригъэгушхуауэ щытащ. Общежитие блынджабэм фIэлът гъущI телефон. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и номерхэр зэрыт тхылъ къэсщэхури, КIыщокъуэ Алим деж сыпсэлъащ, си усэ езгъэлъэгъуну. Изогъауэри, зыгуэрым къеIэт. И Iум фо итым хуэдэу, макъ дахэкIэ цIыхухъу къызопсалъэ. «КIыщокъуэ Алим сыхуейт», - жызоIэ. «Хэт щIэупщIэр?», - щыжиIэм, сигурэ си щхьэрэ зэтелъу жэуап изот: «Къэбэрдей усакIуэ Бэлагъы Любэ». Сыт хуэдэу сыкъэуIэбжьат «сэращ ар» щыжиIам! КъызэрыщIэкIамкIэ, а фэтэрыр Алим и къуэм иритыжауэ, езыр нэгъуэщI щIыпIэ щыпсэурт, икIи куэд щIауэ а унэм щIэмыхьэжауэ, и хьэпшып гуэрхэр къиитщтэжыну кIуауэ сытехуауэ арат. Си натIэ ит хъунт усакIуэшхуэр къэсцIыхуну, ар гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуну. Ауэ щыхъум, Алим и унагъуэм срегъэблагъэ, и хэщIапIэр къызжеIэ, мыпхуэдэ махуэм накIуэ, щIалэр ныппезгъэжьэнщ, жеIэри. Къысхуигъэува пIалъэр къэсри, КIыщокъуэр щыпсэу Переделкинэм мафIэгукIэ сокIуэ, ауэ зыри къыспежьакъым. ЩIалэм щыгъупщэжауэ арат. Сытми, сыщIэупщIэурэ Алим и унэр къызогъуэт. ЩIымахуэ уаещ, уэс къос. Куэбжэм сыбгъэдохьэ, IузогъэзыщIыкIри - Алим уэс итхъуу пщIантIэм дэтт. Ар зи цIыхушхуагъ уэс зэритхъур гъэщIэгъуэн сщыхъури, асыхьэту зы усэ хузэхэслъхьауэ щытащ. Срагъэблагъэри, сагъэхьэщIащ, джэдшыпсрэ пIастэрэ сагъэшхащ. Сэ зы усэ сыкъеджэм, езыри и усэ къеджэурэ дыщысащ гухэхъуэу. УсакIуэшхуэмрэ и унагъуэ дахэмрэ сызэрагъэгушхуауэ щытар IэфIу си гум илъщ нобэр къыздэсым.

**- Любэ, иужьрейуэ зы упщIэ сиIэщ... Сыт хуэдэ чэнджэщкIэ зыхуэбгъэзэнт зэманым зызэблидзрэ, уэ илъэс 18-м уиту узрихьэлIэжатэмэ?**

- Сыту гупсысэ дахэ! Сытым дежи сщIэрт гъащIэ къызэрымыкIуэ къызэрыспэщылъыр... Мыращ жысIэу, зыхуэсхьынур сщIэртэкъым, пыухыкIауи къызгурыIуащэтэкъым, ауэ сщIэрт ин гуэрым сыкъызэрыхуигъэщIар. Ар ещхьт си гум шэху уэздыгъэ къыщыблэм: зэм ункIыфIу, зэм щIэнэжу. Гуэныхьыншэ щыIэкъым, сэри щыуагъэ гуэрхэри сIэщIэкIащ. Апхуэдэхэм деж си къару иримыкъуну къысщыхъуурэ, шэху уэздыгъэр ункIыфIырт. Нэхъ Iеижращи, щIэплъыпIэм дыгъэм зэи зыщимыIэтыжыну къысщыхъурт. СыIэмалыншэт. Ауэ а зэманым сыкъыщыхутэрэ, нобэрей сэ Любэ-ныбжьыщIэм сыхуэзатэмэ: «Тхьэм щыгугъ! Ар уи гум зэи иумыгъэкI. Блэжьа псор абы деж зэрекIуэлIэжынур зыщумыгъэгъупщэ. ЦIыху къэс и гъуэгуанэ иIэжщи, абы урикIуэну умышынэ. ЩIыхьымрэ напэмрэ хъумэ», - жесIэнт. Упсэуным лIыгъэ хэлъщ, къызэрыщIэкIымкIэ...

*Епсэлъар* **ФЫРЭ Анфисэщ**.



Рассказ

# Ахьмэд

МАХУЭ псом гъущIышым ирилажьэ Ахьмэд хуабжьу езэшырт, ауэ зыми зыкъригъащIэртэкъым. И анэ гумащIэм и махуитI зэхуэдэтэкъыми, ар зы дакъикъи и гум ихуртэкъым. Дапхуэдэу гугъу емыхьми, унэм нэсыжрэ, анэм и Iэ щабэр къыдилъамэ, зы хуэмейуэ къыщыхъурт. НэгъуэщI зыгуэрым и гур хуэныкъуэт, ауэ хузэпыщэртэкъым, къыхуэщIэртэкъым и псэр зылъыхъуэр. Ауэрэ гъащIэри кIуэрт.

Зы махуэ гуэрым губгъуэм здитым, лэжьыгъэр зэрыкIуатэм еплъыну къэкIуа агрономым Ахьмэд сэлам гуапэу къурех, адэкIэ и анэм и узыншагъэм къыщIоупщIэ, зимыIэжьэуи къыпещэ:

- У-а-а, Ахьмэд, щхьэгъусэ къэпшэн Iуэху зепхуэркъэ? Уи анэм и закъуэщ, уэри уолажьэри ухущIыхьэркъым, гуэныхькъэ зи закъуэ къыдэнэр? Жьы хъуа цIыхур Iуэхушхуэщ. Удэзыхьэх хъыджэбз мы къуажэм зыри дэмысу ара?

Ахьмэд укIытэри къызэщIэнат. Арат абы и гум щыщIэу «къыхуэмыгъэушыр» , и псэм къыхуэмыгъуэтыр... ИкIи егупсысысащ:

«Пэжщ мы СулътIан къызжиIар! Си къэшэгъуэ дахэщ, ауэ зэман къысхудэмыгъахуэурэ йокIуэкI. КIэщIу жысIэнщи, сыщхьэемыгугъущ. Си анэм зыри тэмэму хузэфIэкIыжыркъым, сэри сызэрыдэIэпыкъу щыIэкъым. Щхьэ алъандэрэ си щхьэм къимыхьарэ? Лэжьыгъэмрэ си анэ сымаджэмрэ а гупсысэр IэщIыб сагъэщIат, сызыхуейр зыхэзмыщIэжу. ПщIэнукъым щхьэгъусэ тэмэм згъуэтмэ, си мамэ дахэм и узыншагъэр нэхъыфI хъужынуми. Мы сызыпэрыт лэжьыгъэр и кIэм нэзгъэсмэ, ныщхьэбэ тIэкIу нэхъ жьыуэ сыкIуэжынщ. Школым дыщыщIэсым щыгъуэ сызыдэгушыIа Мэлычыпхъу дауэ щыту пIэрэ? Зыкъом щIауэ дызэхуэзакъым, сщIэркъым ари IэщIыб щIэсщIар? Си анэр сымаджэ щыхъум сIэпыхуащ, зыри сыхуэмеижу. Си анэ лъапIэр куэдрэ Тхьэм схуигъэпсэу, аращ нэхъыбэу си гур зыгъэфIыр. Мэлычыпхъу сыкъуидэжыну пIэрэ? Илъэс зытIущ хъуауэ зэзэмызэ фIэкIа дызэрихьэлIакъым. СщIэркъым! Гугъуу зэхэлъщ мы гъащIэр! Зэрыхъу хъунщ, а хъыджэбзыр ди классэгъуа Аслъэн и гъунэгъущи, абы къезгъэщIэнщ и Iуэху зытетри, яужь кIэщIу сихьэнщ, Тхьэм къысхузэпищэмэ».

Гъатхэпэ дахэм зи гукъэкIхэр дэуша щIалэм хъугъуэфIыгъуэ гуэр къеуэлIащ, и гупсысэм зэуэ зихъуэжащ. Алъандэм гу зылъимытэу екIуэкIа и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэщIэушащи, мэпIейтей! Гъатхэ дыгъэ гуащIэм и бзийхэр щабэу къедэхащIэу къыщохъу. И пыIэ хъурыфэ цIыкIур тIэкIу дрегъэкIуэтейри, псэщIэ къызыхыхьэжа и пкъым зрегъэукъуэдий, и гупсысэхэм зашэщI. Гъатхэ хуабэм къызэщIигъэуша щхъуантIагъэхэм мэ гуакIуэ къыпиххэр хуиту, и гум щызу зыжьэдешэ. Ихъуреягъкlэ щхъуэкIэплъыкIэщи, нэр щоджыл, гукъыдэжыр абы къыхыхьэжащи, и гуфIэгъуэм тIуащIэу зрегъэIэт. Къэзыухъуреихьыр псори дахащэу къыщохъу. ЩIалэр гупсысэ куум хыхьауэ, и щхьэм Iэджэ щызэблож. Сытми ауэрэ, ахэр зэригъэзахуэурэ, лэжьыгъэр иухауэ къыздэкIуэжым, шокъу жиIэу и ныбжьэгъу Аслъэным хуозэ.

- Уа-уа-уа, Аслъэн, сэлам алейкум, дауэ ущыт? Нобэ си гум укъэкIат Iуэху гуэр щхьэкIи, сызыхуей дыдэу укъэзгъуэтащ.

- Уалейкум сэлам, Ахьмэд, хъунущ, Тхьэм жиIэмэ! ЛэжьапIэм сыкъокIыж. Уэщэ?

- Уэлэхьи, зыгуэркIэ сынолъэIунутэм! КъысхуэпщIэну?

- ЖыIэт уэ, Ахьмэд, си гуащIэ дэкIынумэ, уэ пхуэзмыщIэн щыIэ, си ныбжьэгъу лъапIэ.

- Уэри ущыгъуазэщ, Аслъэн, Мэлычыпхъу сызэрыдэгушыIэу щытар, ауэ си анэр зэрыгукъыдэмыжым псори сIэщIигъэхуащ. Сэри солажьэри сыхущIыхьэркъым, мами и къарум зыри къихьыжыркъым. КIэщIу жысIэнщи, къэзмышэу хъунукъым. Фи гъунэгъу хъыджэбзым и гугъу уэзгъэщIыну арат, си ныбжьэгъушхуэ.

- Уэлэхьи, хъарзынэм, Ахьмэд, ауэ Мэлычыпхъу зэрылажьэр, щылажьэр сощIэ. Къуажэм дэт дэрбзэр фабрикэм щолажьэ, и адэ шыпхъум и пхъур и гъусэу. Апхуэдэу Iэпэдэгъэлэл дыдэ пщIын хуеякъым. Хъунщ ар зыгуэр, Ахьмэд, «Iуэху мыублэ блэ хэсщ» жыхуиIэращ. ЕужьэрэкIын хуейщ, си къуэш, еужьэрэкIын!

- Сыту фIыуэ сыпхуэзат, Аслъэн, армырами фи деж сынэкIуэнут. ТIэкIу нэхъ кIыфI хъумэ дызэхуэзэнщ.

- Хъунщ, Ахьмэд. Зы унафэ гуэр тщIынщ дызэхуэзэмэ. Узыншэу! ФIыкIэ!

Апхуэдэу Ахьмэдрэ Аслъэнрэ зэбгъэдэкIыжащ. ЩIалэм и гур хэхъуарэ гукъыдэжышхуэ иIэу унэм нэсыжащ.

Анэ гумащIэр къежьэу щыст и щIалэ закъуэм.

- Мамэ, ныщхьэбэ тIэкIу сыдэкIынущ, уи закъуэ укъызэрызгъэнэнури къызохьэлъэкI. Ауэ си ныбжьэгъу Аслъэн сэрэ дызэхуэзэну дызэгурыIуащи, зызгъэгувэнкъым, умыгузавэ.

- Хъунщ, си тIасэ, куэдрэ укъэмытмэ нэгъуэщI сыхуейкъым. НтIэ, щIалэ ущыхъукIэ тIэкIуи къэпкIухьынщ. Сэр щхьэкIэ уи гур умыгъэпIейтей.

«Ауэ, уи къэшэгъуэ зэрыхъуари зыщумыгъэгъупщэ», - жриIэнути, зыщIилъэфыжри, къыхудэмышейуэ дигъэкIащ анэм щIалэр.

Дыгъэ къухьэжыгъуэ хъуат Ахьмэд и ныбжьэгъум деж щынэсам.

Аслъэн къежьэу тест я куэбжэпэм Iут тетIысхьэпIэм, гъатхэ хуабэм къыдэтIэпIа удз гъэгъа мэ гуакIуэхэр къызыпиххэм яхэплъэу, моуэ-щэ, епэрымэхэм гъэр ящIарэ и нэр теплъызэу.

- О-о-о, укъэса, Ахьмэд, къеблагъэ!

- Еблагъэ куэд ухъу, Аслъэн, уэлэхьи, сыкъеблэгъам.

- НтIэ, Ахьмэд, иджыпсту Мэлычыпхъуи и къэкIуэжыгъуэщ. Уи псэм ищIэм хуэдэу тэмэму укъэсащ.

Апхуэдэу уэршэру здэщысым, плъэмэ, «зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIум тетщ» жыхуиIэрати, хъыджэбз зэжьэр къэкIуэжырт. ЩIалэм и пкъым лъынтхуэу хэлъым лъыуэ итыр и гум ирихужьауэ кърихуэкIырт темыпыIэу, зэрызэтригъэбэяуэнур имыщIэу. Зэжьэр къэсри, сэлам зэрахащ. И гузавэри хуэм-хуэмурэ щхьэщыкIащ Ахьмэд. Зыкъом лъандэрэ зэхуэмызахэр хуэмурэ уэршэрурэ зыкъыщащIэжам, зэманри хэкIуэтат.

- Ахьмэд, узыншэу ущыт, уэ Мэлычыпхъу бгъэкIуэтэжыну къыщIэкIынщ къэнэжам, - жиIэри, кIэбгъу зищIащ Аслъэн.

Ахьмэд зыхуеиххэр арати, хъыджэбзыр я унэм ишэжу хуэмурэ зэдежьахэщ. Мэлычыпхъухэ я лъапсэм щынэсым, я куэбжэпэм пэмыжыжьэу щыт дей жыгым деж къыщыувыIэри, жэщыбг хъухукIэ кIэщIэтащ. Хъыджэбзым и анэр гузавэри зэ къыдэплъат куэбжэм, ауэ и пхъур щилъагъум, зыри жимыIэу дыхьэжащ. «Трырет, и ишэгъуэ дахэщ, нтIэ, зыгуэрми дэгушыIэнщ хъыджэбз щыхъукIэ, жыжьэу IумыкIмэ аращ», - жиIэри.

Ахьмэд къыщыкIуэжам и анэр гъуэлъыжат. Езыри мыIэуэлъауэу щIыхьэжри, и гур псэхужарэ къигуфIыкIыу жеижащ.

Ауэрэ щIадзэжауэ а тIур зэхуэзэрт. Хъыджэбзми гу къыхуищIат Ахьмэдым, школым зэрыщIэс лъандэрэ.

Анэм и узыншагъэр зэми екIакIуэрт, зэми нэхъыфI къэхъужырти къызэфIэувэжырт, зыри къемыузам хуэдэу. Пщыхьэщхьэ гуэрым, анэр нэхъ сымаджэ къэхъури, Ахьмэд Iейуэ игъэгузэват, дохутырхэр къыхураджэри, нэхъыфI къэхъужат тIэкIу. Къэсшэнущ, къэсшэнущ жызыIэурэ зэманыр зыгъакIуэ Ахьмэд мис иджыпсту къызэфIэзэрыхьыпат, анэм и узым къызэрыхигъэзыхьам папщIэ.

«Уэлэхьи, мис иджы къэзмышэу мыхъуну, си анэм и закъуэщ махуэ псом, къызэIыхьэмэ-щэ», - игукIэ жиIэри, быдэу мурад ищIат къишэну.

Апхуэдэу, зы тIэкIурэ зэхуэзауэ, и мурадыр Мэлычыпхъум жриIащ.

- Уэ си унагъуэ укъихьэну уарэзымэ, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым, Мэлычыпхъу! Си Iуэху зытетыр бжесIауэ уощIэ. Уи арэзыныгъэрщ сызыщIэхъуэпсыр.

Хъыджэбзыр зэрыарэзыр къапщIэу и щхьэр мащIэу ищIащ.

АдэкIэ фIимыгъэкIыу, Ахьмэд и анэм нысэ къыхуишащ. Благъи, Iыхьлыи, гъунэгъуи, ныбжьэгъуи зэхуэсри, хьэгъуэлIыгъуэр дахащ...

Нысэ щIэхъуэпсу щыта Алжан нэщхъейт, и гукъыдэжри ехуэхат. И къуэ закъуэм къыхуишамкIэ арэзытэкъым, ауэ зыми зыкъригъащIэртэкъым. И нэр зэтрихмэ илъагъуну иIэ и щIалэ закъуэм хуигъэфащэртэкъым къишар, арат нэщхъейрилэуи къыщIэнар. ЩIалэр и ныкъуэм деж жьыуэ къыдыхьэжырт. Анэм нэщхьейуэ и къуэм зыкъригъэлъагъуну хуэмей щхьэкIэ хузэфIэкIыртэкъым, ерыщагъыр нэхъ къытекIуэрт. Ахьмэд щыдэкIкIи къыщыдыхьэжкIи, анэм и гурыгъу-гурыщIэхэр зэримыгъэщIауэ тIысу шхэнутэкъым. Ауэ и нэщхъеикIэр зыхуихьынур ищIэртэкъым. И щхьэгъусэм еупщIынути, абыи тегушхуэртэкъым. Шэмишхуми исц къэнат Ахьмэд. ЛэжьакIуэ щыщыIэми абы егупсыс зэпытт. Пщыхьэщхьэ гуэрым нэхъ жьыуэ къыдыхьэжауэ, анэм дежкIэ щIыхьащ.

- Мамэ, тIэкIу усфIэнэщхъейщ нысэ зэрыбгъуэтрэ, уигу иримыхьу арауэ пIэрэ и IэбэкIэ, и дуней тетыкIэ, и пщэфIэкIэ-сытхэр.

- Хьэуэ Тхьэ, си щIалэ, а къеббжэкIа псори тэмэму ещIэмэ, ауэ сэ, уи адэ тхьэмыщкIэр си гум къызогъэкIыжри, тIэкIу согумэщI. «Иджы и къуэм къизэришар илъэгъуамэ гуфIэнтэкъэ», - жызоIэри. Арамэ сыщIэнэщхъейр, си щIалэ нэху, умыгузавэ.

- Хъунщ, тIэ, си анэ дыщэ, зым щхьэкIи уи гур къыумыгъэщтыкI, сэ уэр папщIэ сымыщIэн щыIэкъым.

И къуэ закъуэм къыхуиша нысащIэр зэрыхуимыгъэфащэр жримыIэу щIигъэкIыжащ, и жагъуэ имыщIын папщIэ. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи и гур игъэфIырт, «си махуитI зэхуэдэкъым, и закъуэ дыдэу пщIантIэм къыдэмынэмэ ари хъарзынэщ», - жиIэрти. ИтIани, и къуэр нысэм сыт и щIыскIи нэхъ ефIэкIыу къыщыхъурти, гурыгъузым ихьырт.

НысащIэм «тхьэIухудщ» хужыпIэнутэкъым, ауэ, икIи Iейтэкъым, гурыхьт, лъагъугъуафIэт, щабэ цIыкIуу псалъэу. И IуэхущIафэкIи и зыIыгъыкIэкIи зыри дэбгъуэнутэкъым, щIыкIафIэт, гъэсат, хабзэмрэ нэмысымрэ зэрыщIапIыкIар къапщIэу, укIытэр и нэгум къищырт. И IэбэкIэр псэм щыщт. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджырти, бжэIупи куэбжэпи псом япэ зэщIигъэкъабзэрт. ИтIанэ, пщэфIэным пэрыувэрти шхыныгъуэ зэхэмыхьэу зы-тIущ ищIырт, и щхьэгъусэр жьыуэ дэкIырти, абы нэхъ пасэу пщэдджыжьышхэ иригъэщIырт. И гуащэр жьыуэ къэтэдж и хабзэтэкъыми, псори хьэзыру къыхутринэрт. Пщэдджыжь Iуэхур зэфIигъэкIа нэужь, езым зигъэхьэзырырти дэкIырт. Пщыхьэщхьэм лэжьакIуэ нэужьми, зы дакъикъэ етIысэхыртэкъым, Iуэху ищIэрт, дахэу гъуэлъыжыгъуэ хъуху.

Апхуэдэу щыт пэтми, Алжаным нысэр и псэм техуэртэкъым - ищIэри, зэрызищIри, ипщэфIри - зыри и гум дыхьэртэкъым. Ауэ икIи зыми зыкъригъащIэртэкъым. Езы нысащIэм гу лъитэрт гуащэм и нэщхъыр зэхэлъу фIэкIа къызэремыплъым. НысащIэр дэкIыху, и нэхъыбэм унэм къыщIэкIыртэкъым, абы Iумыплъэн щхьэкIэ. Ауэ нысащIэр къыщIыхьэрти, унагъуэ Iуэхухэр зэрызэфIигъэкIар, лэжьакIуэ зэрыкIуэр Iэдэбу, щабэу къыжриIэрти, дэкIырт. НысащIэм и лIым зыкъригъащIэртэкъым, гуащэм и нэщхъыр зэхэлъу фIэкIа къызэремыплъыр.

«Гуащэр сэ къысхудэмыхьэхмэ, си щхьэгъусэм сыт и лажьэр», - жиIэрти ибзыщIырт.

Апхуэдэу зэманри кIуэрт. Гъатхэри гъэмахуэри блэкIри бжьыхьэхуегъэзэкI хъуат. ЦIыхухэм гъавэр кърахьэлIэжырт, щIымахуэм зыхуагъэхьэзыру. Мэлычыпхъуи хадэм хисахэр бэву къыхуэхъуат.

НысащIэр гуащэм бгъэдыхьащ, игъэгуфIэну:

- Мамэ, хадэм къисхыжахэм уеплъамэ си гуапэт, - жиIэри.

Нобэ хуэдэу ар гъэхуауэ епсэлъатэкъым и гуащэм, къызэрашэрэ къызэрыдихьэхынур имыщIэу щытати. Иджы нэхъ есэ хуэдэу хъуат е зыгуэрым тригъэгушхуат? Сытми, гуащэр къыдихьэхын мурад ищIащ нысэм.

Алжаныр кIуатэрэ еплъмэ, нысэм хадэхэкIыу кърихьэлIэжар гуэщым щызэтелът, щызэхэхауэ. Бжьынри, бжьыныхури, кIэртIофри, къэбыстэри, пхъыри, жэгундэри, сытми хадэм къыщыбгъэкI хъу лъэпкъ къигъэнатэкъым химысэу.

Абы куэду фIыуэ щыгуфIыкIащ гуащэр. Ауэ, зыкъримыгъэщIащэу, тIэкIу щIэгуфIыкIри къыIукIыжащ. «Тхьэ, мы нысащIэр сызэрегупсысам щыщымыIэ, зэрезмыгъэлъэгъуауэ псори тэмэму зэфIегъэкIым. И IэбэкIи, и зыIыгъыкIи, и псалъэкIи гум дохьэмэ, икIи гукъэкIи, гулъыти хэлъмэ. ИтIани, ар си къуэм хуэмыфащэу сыт къыщIэслъытэр?» - жиIэурэ, и щхьэм хужиIэжащ гуащэм.

Апхуэдэурэ, гуащэр къыдэзыхьэхыну мурад зыщIа Мэлычыпхъу къэгушхуэжауэ, Iуэхуу ищIэхэр абы иригъэлъагъуу, имыщIэхэмкIэ еупщIу хуежьащ. Алъандэм, укIытэм къыхэкIкIэ, зыри жриIэфу щытакъым, иджы щабэ дыдэу, и псалъэхэм хуэсакъыпэурэ, гуащэм йопсалъэ. Губгъэн зэрызыхуримыгъэщIыным хущIокъу. Гуащэми ар уэим ищIыркъым. Нысэм и IэдакъэщIэкIхэр, и IуэхущIафэхэр фIэдахэ, фIэкъабыл хъууэ щIедзэ...

Ауэрэ, гъэхэри макIуэ. Мэлычыпхъу и щытыкIэ дахэм дихьэхыжа Алжан нысащIэм и жагъуэ хъун зи псалъи къыжьэдэкIыркъым. Бзылъхугъэхэм гуфIэгъуэр я нэгум къищу, цIыхухъу закъуэ унэм щIэсыр дагъэкI-къыдагъэхьэж. Ахьмэд япэм нэщхъейуэ щытамэ, иджы и гур къигуфIыкIыу лъапсэм къыдохьэж. И щхьэгъусэм хуэпэж Мэлычыпхъу гуащэм и гур ихьэхуфащи, а тIур «я псэр зы чысэм илъщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Я гурыгъу-гурыщIэхэр зэхуаIуатэ, унагъуэ Iуэху ящIэми зэдоIэпыкъу. Зы махуэ зэрымылъэгъуамэ, зэхуозэш. Ауэ, итIани, Алжаным и псэм иджыри зы бэлыхь телъщ - къуэмрэ нысэмрэ щIэблэ зэрамыIэм егъэгу-мэщI...

Пщыхьэщхьэм Мэлычыпхъу, зыдигъуэнкIэ хъунур къыхуэмыщIэу, тIэкIу гукъыдэмыжу лэжьапIэм къикIыжати, Алжаным и гур хэщIырт.

- Сыту пIэрэ къэхъуар, си псэ тIэкIу? - псалъэ гуапэкIэ йодэхащIэ гуащэр нысэм.

- Тхьэ сымыщIэ, мамэ, Iейуэ сыгукъыдэмыжщ, си щхьэр мэуназэ.

- КIуэ-кIуэ, тIасэ, зыгъэпсэху, махуэ псом уувыIэркъым, уолажьэ, - жиIэри, лэгъунэм щIигъэхьэжащ гуащэм нысэр.

Ахьмэд къыщысыжам жэщыр фIыуэ хэкIуэтати и анэм хуэзакъым. ЩIалэ къыдыхьэжам щхьэгъусэм и Iэуэлъауэ макъ зэхихыртэкъыми, тIэкIу къэгузэват, зыхуихьынур имыщIэу. НэкIуэпакIуэу лэгъунэмкIэ иунэтIыжащ. Зэи къэхъуатэкъым абы Мэлычыпхъу къемыжьэу гъуэлъыжыуи, ныщхьэбэ къыщыщIар къыгурыIуэртэкъым. Пэшым щIыхьэжмэ, и щхьэгъусэ цIыкIур хэлът, зигъэсымаджэу.

- Сыт къэхъуар? - щIоупщIэ Ахьмэд, гужьеяуэ.

- Тхьэ сымыщIэ! Iейуэ си гур сIэпихт, си щхьэр уназэрти, зыкъезгъэутIыпщыжащ лэжьапIэм.

Щхьэгъусэм и сымэджэкIэ хъунур зыхуихьынур зымыщIэ Ахьмэд и гупсысэхэр фIызэблож. «Дохутыр къезджэн?» - йоупщI нысащIэм.

- Хьэуэ, хьэуэ, нэху сыкъызэрекIыр тлъагъунщ, Тхьэм жиIэмэ!

- Сыкъыдыхьэжу уи Iэуэлъауэ макъыр щызэхэзмыхым занщIэу сыкъэгузэват! Уи лажьэр къэщIэн хуейщ, си гур умыгъэныкъуэ. Сэ сиIэр фэращ: си анэ лъапIэмрэ уэрэщ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджа Ахьмэд и анэм деж щIыхьащ. Анэри, нысэм и сымэджэкIэм иригузавэу къэтэджати:

- Дауэ щыт Мэлычыпхъу? - щIоупщIэ нысэм и сымэджэкIэм иригузавэу нэху зыгъэща анэр.

- Уэлэхьи, сымыщIэ, ди анэ, зэрыщытщ. Модэ ди гъунэгъу Ленэ къезджэн? - жеIэ Ахьмэд.

- Хьэуэ, хьэуэ, си тIасэ, сэ секIуэкIынщи къесшэкIынщ, - жиIэри, дэкIащ Алжан. Мыгувэуи къигъэзэжащ, я гъунэгъу дохутыр цIыхубзыр и гъусэу.

Ленэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху гуапэт икIи гуащIафIэт. Хьэблэм нысэ зэрахуэхъурэ, гуми псэми дыхьэрт. Къыдыхьар Мэлычыпхъу деж щIыхьащ.

- Уи пщэдджыжь фIыуэ, Мэлычыпхъу! Зыбгъэсымаджэу зэхэсхат, - жеIэ гъунэгъу нысащIэм.

- НэхъыфIыжу! Къеблагъэ, Ленэ! Тхьэ къызгурымыIуэ, дыгъуасэ си гур сIэпихыу си щхьэр уназэу, лэжьапIэм сыщIэмысыфу зыкъезгъэутIыпщыжащ. Сызэрыхъур сымыщIэу, си лъэхэр щIоху.

Ленэ здыщIыхьа пэшым бжэр мащIэу дэмэдазэти Iэбэри къыхуищIащ, я псалъэмакъыр зыми зэхамыхын папщIэ. ТIэкIурэ гупсыса нэужь, гъунэгъу дохутыр цIыхубзым и псалъэм къыпищащ:

- Уэ сэ къызжепIахэмкIэ, Мэлычыпхъу, лажьэ уиIэу аращ, мыгувэу анэ ухъуну къыщIэкIынущ. Ар IупщI тщIынщ, Тхьэм жиIэмэ. Иджыпсту зэгъусэу дыкIуэнщи, нэгъуэщI дохутыр къозгъэплъынщ.

Алжан поплъэ сымаджэм деж щIыхьар къыщыщIэкIыжынум, къыжриIэнум йогупсыс, мэгузавэри и пIэм ихуэжыркъым.

Мэлычыпхъу дэуэршэру Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа Ленэ хъыбарыфI къищIауэ къыщыхъуар Алжаным хуиIуэтэну пIащIэу лэгъунэм къыщIэкIыжащ.

Гу къабзэ псэ къабзэ зиIэ цIыхум пкъыр щIэлIами псэ хелъхьэжыф. Апхуэдэт, Мэлычыпхъуи и гуащэм папщIэ, и гум щыщIэр и щхьэгъусэм хуимыIуатэу, сэ езым къысхудэмыхьэхмэ, си щхьэгъусэм сыт и лажьэ? - жиIэу, и бгыр щIикъузэу, гуащэм и гурыгъу-гурыщIэхэм пхрыплъу, и узри щигъэгъупщэу, и мэсхьэбым ихьэу, фIыуэ зыкъызэрыригъэлъагъуфар.

**ЩытыкIэ дахэм куэдым ухуешэ,**
**Нэмыс здэщыIэм, насып щолъагъур,**
**ПсэлъэкIэ гуапэм бгыщхьэм удешыр,**
**Ерум и псалъэм, уи пкъыр щIегъалIэр,**
**ФIыр зи Iэпэгъур, пэжым и телъхьэрщ,**
**ФIыгъуэр зыпэплъэр цIыхуу,**
**мыщхьэххэрщ.**
**ФIыр зи Iэпэгъур, пэжым и телъхьэрщ,**
**ФIыгъуэр зыпэплъэр цIыхуу,**
**мыщхьэххэрщ.**

**КЪАНКЪУЛ Зазий.**




● Псалъэжьхэр

## КъакIуэ псори благъэщ

♦Дыгъэ нэпс нэхърэ анэ бгъафэ.
♦Еблагъэ зи бэм и бын мэжалIэркъым.
♦Уи щIалэ зэрыбгъасэщ, уилI зэресащ.
♦Уипхъу зэрысрэ уи нысэ и дыщрэ.
♦Егъур гъуэтыгъуафIэщ, благъэр гъуэтыгъуейщ.
♦Имысрэ сымаджэрэ Iыхьэншэщ.
♦КъакIуэ псори благъэщ.
♦Уэ пхуэдэ сещэмэ, щэ иризгъэкъунщ.
♦Узэлъэlу къэгъани, къолъэlу къашэ.
♦Узэрымылъагъуу IэфI щыIэкъым.
♦Фо нэхърэ жей нэхъ IэфIщ.
♦Узылъыхъуэр лъапIэ мэхъу.
♦Къуийм и пыIэ щыгъупщэркъым.
♦МащIэр гуапэщ, гуапэр псапэщ.
♦Къэзыдыгъур зы гуэныхьщи, зыфIадыгъур гуэныхьищэщ.
♦Нэфым и нэм хихар и гум хелъхьэж.
♦Къэзыхь зышхыж бей мэхъу.
♦Къалэн зыщыпщIыжыр къалэн пхуохъу.
♦Псы джэд псым итхьэлэркъым, мэлыхъуэхьэ дыгъужьым ихьыркъым.
♦Пщэдджыжь хьэщIэ гъэхьэщIэгъуафIэщ.
♦Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.

● ГушыIэхэр

### Дохутыр дыхуей хъумэ-щэ?

ЛIым и щхьэгъусэр сымаджэ къэхъури сымаджэщым ишащ.

Бжэ щIыхьэпIэм деж щыт бзылъхугъэр къоупщI:

- Паспорт, тхылъымпIэ фызыхуеинухэр фIыгъ:

- НтIэ.

- ТепIэнщIэлъын къыздэфщта?

- НтIэ.

- Сымаджэр зытелъын щхьэнтэ къэфхьа?

- НтIэ.

- Хущхъуэр зэрыхагъэлъэдэн системэ къэфщэхуа?

- НтIэ.

- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?

- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысIэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лIым.

### Сэ сыт си лажьэ?

ЩIалэр и гъунэгъум я дежкIэ екIуэкIати, ирихьэлIащ: лIыр пшынэ еуэу щысщ, цIыхубзым пхъэ екъутэ.

- А зи унагъуэрэ, уи фызым пхъэ икъутэу уэ пшынэ уеуэу щхьэ ущыс?

- Ар пшынэ емыуэфмэ, сэ сыт си лажьэ? - жиIащ лIым.

● Шхынызгъуэхэр

## Джэд ла



ДжэдыщIэ гъэкъэбзар зэпкърыхауэ е зэпкърымыхауэ хьэзыр хъуху ягъавэри, мафIэм къытрахыж, лэпсым зэрыхэлъу дакъикъэ 25 - 30-кIэ ягъэупщIыlу, къыхахыжри тепщэч чэнжым иралъхьэ, Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, яшыу. АдэкIэ тхьэв пIащIэ ящI: псы щIыIэм шыгъу, джэдыкIэ, содэ е пщагъэ халъхьэри, зэIащIэурэ гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа хакIутэ. Ар шыпс Iувым хуэдэ хъун хуейщ. Джэдыл вар гуахъуэпэм фIэлъу абы халъхьэ, псынщIэу къыхахыжри тхъу къэплъам халъхьэ. Зэрагъажьэр зы дакъикъэщ. Абы лэкъумым ещхьу дыщафэ къытоуэ. Джэдыл жьар чымчыркIэ тхъум къыхахри тепщэчым иралъхьэ. Зыри щIымыгъуу пщтыруи щIыIэуи яшх.

***Халъхьэхэр*** (цIыхуитI Iыхьэ): джэдылу - г 260-рэ, *тхьэвым:* джэдыкIэ цIынэу - зы ныкъуэ, псыуэ - г 50, шыгъуу - 1 г, содэу - 1 г е пщагъэу - г 5, гуэдз хьэжыгъэу - г 50, тхъууэ - г 800.

## Мэлыщэр зэрагъэвэж щIыкIэр

Мэл яукIам щэшхуэ къыщикI щыIэщ. Ар куэдрэ щылъынукъыми, ягъэвэж. Щэр псы хуабэкIэ ятхьэщI, г 20 - 25-рэ хъууэ яупщIатэ, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, и щхьэр техауэ мафIэ цIыкIу дыдэм трагъэувэ. МафIэр инмэ, щэр мыткIуу исынущ. МафIэм и пщтырагъын хуейр градуси 125 - 130-щ, зы сыхьэт тетмэ, щэ ткIуам градуси 140 - 150-рэ и пщтырагъын хуейщ. Щэр щагъэвэжкIэ кIэримысхьэн щхьэкIэ зэIащIэ. Вэжа иужь абы и вэжахуэр и щхьэм къыдокIуей кхъуэщыныфэу, псынщIэ хъуауэ. КъыщIэвыкIа щэм градуси 160-180-рэ и пщтырагъщ. АдэкIэ мафIэр ягъэункIыфIыж, щэ гъэвэжар тIэкIу ягъэупщIыIури жьахуэр чымчыркIэ къыхах. Щэр упщIыIумэ, щIисыкIар и лъабжьэм ямыгъакIуэу хьэкъущыкъу лам иракIэ. ЩIыIапIэ бгъэувмэ, зэIымыхьэу куэдрэ щытщ. АбыкIэ лы, лэкъум, кIэртIоф, бжьын, нэгъуэщIхэри ягъажьэ. Язынықъуэхэм хьэлыуэ щащIкIэ тхъурэ щэрэ зэхалъхьэ. Щэ гъэвэжахуэр мэжаджэ, чыржын щащIкIэ халъхьэ. Абы пIастэ, мырамысэ дашх, хьэнтхъупсми традзэ. Бжэныщэри былымыщэри мыпхуэдэ дыдэу ягъэвэж.

***Халъхьэхэр:*** щэуэ - г 1160-рэ, псы щIыIэу - г 100, щэ гъэвэжа къабзэу къыхокI - г 850-рэ, щэ гъэвэжахуэу - г 220-рэ.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Фэ фщIэрэ?

## Нартыху цIынэр щагъавэкIэ шыгъу хадзэркъым



⬢Шэрджэсхэм хьэгулывэр бегъымбар шхыну ябжу щытащ, абы хущхъуэгъуэ куэд зэрыхэлъым щхьэкIэ. Хьэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр ирагъэшхырт зи къупщхьэ къутахэм - къапщтэмэ, зи дзажэ къутам хьэ мырамысэ ирагъэшхырт, ар захуэу кIыжын щхьэкIэ. Абы хэлъщ къупщхьэр зыгъэкIыж пкъыгъуэхэр, къапщтэмэ, фосфор, кальций, нэгъуэщIхэр.

⬢ЦIыхум и тхьэкIумэр щыузым и деж, къэрмэфибл дагъэ ирагъаткIуэри мэхъуж.

⬢Лыр нарзаныпскIэ бгъавэмэ, нэхъ щIэхыу мавэ икIи лэпс IэфI къыщIовыкI.

⬢Мыгъэлыгъуауэ хуэрэджэ купкъ, щIыдэ, пщIий куэд пшхымэ, щхьэр егъэуз.

⬢Хьэлыуэр щаубэкIэ я Iэр куэдрэ псыф ящIмэ, хьэлыуащхьэр тоуцIынықI.

⬢Мэжаджэр щагъажьэкIэ къэмычэн щхьэкIэ и щIыIум шху щахуэ.

⬢Нартыху цIынэр щагъавэкIэ шыгъу хадзэркъым. Шыгъум хьэдзэхэр зэрегъалъэ, вэгъуей ещI, IэфIи хъуркъым.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

## ФIыщIэ

Сабий гуэр зеиншэ хъури, и Iыхьлы жыжьэ гуэрым зришэлIэжат. Сабийр къэзыщтэжа лIыр къыхуэгущIэгъуншэт: щIалэ цIыкIум щIэх-щIэхыурэ удын гъущэ иридзырт, езыр шха нэужь, къанэр къыхуидзырт, и ней къыщыхуэмэ, щIыунэм щIидзэрти, сыхьэт бжыгъэкIэ щIигъэсырт, нэгъуэщI сабийхэм дигъэджэгуртэкъым.

Зэгуэрым а псор хуэмышэчыжу щIалэ цIыкIур къыщIэпхъуэжащ. Куэдрэ къызэхикIухьащ абы дунейр: щIакхъуэ Iыхьэ щхьэкIэ лъаIуэу, къыздыпэщIэхуэм щыIурихыу.

Зэгуэрым ар тежеящ дзэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъасэ школым и бжэщхьэIум. Школым и гъэсакIуэр апхуэдизкIэ лъэщти, и хъыбарри жыжьэ нэсат. Абы зэришэлIащ щIалэ цIыкIур, дзэ хуэIухуэщIэхэми хуигъэсащ.

Илъэсхэр кIуащ. ЩIалэ цIыкIур и гъэсакIуэм лъэщIыхьэжащ IэзагъкIэ. ГъэсакIуэр щылIэм, и школыр щIалэм къыхуигъэнащ. Зэгуэрым щIалэр и гъэсэнхэм я гъусэу и сабиигъуэр щыкIуа щIыпIэхэм къыщыхутащ. Куэбжэпэ гуэрым деж щыст щIалэм и благъэ ткIийр.

- Мо лIыжьращ сыкъызыфIыщIэпхъуэжауэ щытар, - яжриIащ абы и гъусэхэм.

Модрейхэм я къамэхэр кърапхъуэтат, я гъэсакIуэм илъ ящIэжыну. Ауэ щIалэм къигъэувыIащ ахэр.

- Сэ абы фIыщIэшхуэ хузощI. Иджыпсту сиIэ псори абы и фIыгъэкIэ зыIэрызгъэхьащ. Сэ сызэрыхъунур хэтыт зыщIэр, ар мыхъуамэ?

*ЗэзыдзэкIар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:***
**6**. Щхьэц закъуэ. **7**. Дуней псом щыяпэу Гагариныр здэлъэта щIыпIэ. **8**. Жьэ бзаджэ зыщIэт цIыху. **9**. Мэрем махуэм мэжджытым щащI нэмэз. **11**. Адыгэм и нэхъыбэр нэхъапэм а тенджызым и Iуфэм Iусащ. **14**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Архэст Хьэбас и къуажэ. **17**. Хывым нэгъуэщIу зэреджэ. **18**. Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щIыналъэхэм щежэх псышхуэ. **19**. Уэрэдыжь къизышым и дэIэпыкъуэгъу гуп. **21**. Зыбжанэ, зыкъом. **23**. Iэпкълъэпкъ зэкIуж зиIэ щIалэ.

***Къехыу:***
**1**. Губжьауэ нэгъуэщI унэ щIэлъадэу иращIэкI къаугъэм зэреджэр. **2**. Жыг къэтIэпIам и нэщэнэ. **3**. Егъэлеяуэ щыщIыIэ. **4**. Гъавэ къэкIыгъэ. **5**. Макъамэ Iэмэпсымэ. **10**. Египетым адыгэхэр зэреджэр. **12**. Хамэ щIыналъэр зи псэупIэ. **13**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщех. **15**. Мэлыр ... хъуауэ, пщIантIэ кIуэцIыр хъурейуэ къызэхежыхь. **16**. Дамэкъуэр зрагъэлъадэу вым телъ бжьым иIэ гъуанэ. **20**. ... тесу псым йопыдж. **22**. Адыгэ къэфэкIэ. **24**. Анэр нэм хуагъадэ, адэр абы хуагъадэ.

***ЩэкIуэгъуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Выуэч. **3**. Мэдыд. **7**. Гъэр. **8**. Шэч. **10**. Нау. **11**. Гуращэ. **16**. Нал. **17**. Зей. **19**. Пхъы. **20**. Тхъурыжь. **21**. КIэрэхъ.
***Къехыу:*** **1**. Вагъэ. **2**. Уэркъ. **4**. Данэ. **5**. Даущ. **8**. Шэрэз. **9**. Чэщей. **12**. Инат. **13**. Блэр. **14**. Епэр. **15**. Пырхъ. **18**. Ер.



● Мурадхэр

## Мамхэгъ Хьэчим IущIащ КъБР-м и Парламентым и депутатым

**Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ и деж щыIущIащ КъБР-м и Парламентым и депутат, УФ-м тхэквондомкIэ щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир икIи ахэр тепсэлъыхьащ Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо спорт лIэужьыгъуэм (ВТФ) щIыналъэм зыщегъэужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.**

«ДЫЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬАХЭМКIЭ ди Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуащ. Къыхэзгъэщынуи сыхуейщ, Щауэ Iэхьед и цIэр зэрихьэу щыIэ спорт еджапIэм и тренер Уэзрокъуэ Анзор и деж ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр къызэрекIуалIэр, тхэквондомкIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зэраIэр. АдэкIи делэжьынущ сабийхэм загъэсэным ехьэлIауэ ахэр зыхуэныкъуэну псомкIи екIуу къызэгъэпэща зэрыхъунымрэ ди спортсмен ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэм зэрыхагъэхъуэнымрэ», - щитхащ Мамхэгъ Хьэчим и телеграм-каналым.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




## Телевиденэм и махуэм

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и майор Лыкъуэжь Маринэ «КъБР 1», «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ телеканалхэм я журналистхэм ехъуэхъуащ Телевиденэм и дунейпсо махуэмкIэ.**

ВЕДОМСТВЭМ и щIыналъэ къудамэм и унафIэщIым къыбгъэдэкIыу офицерым СМИ-м и лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ илъэс куэд хъуауэ Iуэху зэрызэдащIэм, хабзэм и хъумакIуэхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэлъагъуэм папщIэ икIи щIыхь тхылъхэр яритащ.

- Фи фIыгъэкIэ телевизореплъхэм Iэмал яIэщ ди IэнатIэм и лэжьыгъэм ехьэлIа хъыбархэм, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхухэм щыгъуазэ защIыну. Си гуапэщ ехъулIэныгъэ фиIэну, зыхуэвгъэувыжа мурадхэм фалъэIэсыну, къывэплъхэм нэхъри къахэхъуэну, - жиIащ Лыкъуэжь Маринэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Псэгъэтынш лэжьыгъэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ КъБР-м и цIыхубэ художник, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием щIыхь зиIэ и академик, Урысейм и Абстракционистхэм (САБРОС), «Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэ» творческэ жылагъуэ союзхэм хэт Къанокъуэ Руслан и лэжьыгъэщIэхэр. «Творю от сердца и души» выставкэр трахуащ сурэтыщIыр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум.**



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

АР КЪЫЩЫЗЭIУАХЫМ зыкъырагъэхьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м и Парламентым МэкъумэшымкIэ, щIыуэпсымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, УФ-м и сурэттеххэм я союзым хэт, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием и академик Вэрокъуэ Заур.

- Сэ сысурэтыщIкъым, аращи, Руслан и лэжьыгъэхэм я фIагъым и гугъу схуэщIынукъым. Ауэ, гу зылъыстаращи, мы сурэтхэм узыIэпашэ, мы лэжьыгъэ щхъуэкIэплъыкIэхэм псэр зыгъэхуабэ гуэр яхыболъагъуэ, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин.

Министрым и псалъэм щыпищэм Къаныкъуэ Жаннэ къыхигъэщащ Руслан КъБР-м и сурэтыщI гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием къыбгъэдэкIыу Къанокъуэ Руслан бгъэхэIу дамыгъэрэ щIыхь тхылърэ иритащ, республикэм и щэнхабзэмрэ сурэтыщI гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIым папщIэ. Щхьэгъэпсом жиIащ сурэтыщIым и лъэпкъымрэ и щэнхабзэмрэ зэриIэтыр, абы хуэфащэ дыдэу зэрызэрихьэр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик цIэ лъапIэр.

Къэпсэлъахэм жаIар къызэщIэпкъуэжмэ, нэхъыщхьэу къыхагъэщараци, сурэтыщIым гъуазджэм и лIэужьыгъуэ щIэщыгъуэ къыхихар; абы цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр гъуджэм хуэдэу къыхуогъэлъагъуэ; и абстракцэ лэжьыгъэхэр нобэрей гъащIэм поджэж; Руслан хуэдэу композицэмрэ плъыфэмрэ зэзыгъэкIуф къэгъуэтыгъуейщ; мифологием, хьэршым я деж щыщIэдзауэ щалъхуа Шытхьэлэ къуажэм щыщIэкIыжу ятриухуа сурэтхэр удэзыхьэхщ; абыхэм ящIэлъ гупсысэр гъэщIэгъуэныщэщ. А псор къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ иджырей гъэлъэгъуэныгъэми езым и лэжьыгъэхэми щIэупщIэшхуэ щIаIэр.

Къанокъуэ Руслан фIыщIэ яхуищIащ къэпсэлъахэм. И лэжьэкIэм теухуауэ абы къыхигъэщащ сурэтхэр япэщIыкIэ къэрэндащкIэ зэрищIыр, абы зэманышхуэ зэрытекIуадэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, зы сурэтым илъэс е илъэситI-щы щихь къохъу. Сочэ, Кисловодск, нэгъуэщI къалэхэми щыщхэр и лэжьыгъэхэм куэду къыщIоупщIэ.



Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ компьютер графикэкIэ щIа абстракцэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Плъыфэбэу зэхэлъ сурэтхэм щыболъагъу адыгэ IуэрыIуатэм щыщ теплъэгъуэхэр, лъэпкъ дамыгъэхэр, сурэтыщIым и къуажэм и щIыуэпс дахэр, хьэршыр. Абыхэм ущеплъкIэ гурыIуэгъуэщ Руслан и IэпщIэлъапщIагъэм щIэи гъуни зэримыIэр, и лэжьыгъэхэр зыми зэремыщхьыр. А сурэтхэм хуэдэ зы щIыпIи щыплъагъунукъым. Аращ Урысейм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI выставкэ зэмылIэужьыгъуэхэм утыку къыщрихьэ и лэжьыгъэхэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн щIащыхъум и щхьэусыгъуэр.

Къанокъуэ Руслан Башир и къуэр Аруан щIыналъэм хыхьэ Шытхьэлэ къуажэм 1949 гъэм къыщалъхуащ. Орёл къалэм промышленностым, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я дизайнерхэр щагъэхьэзыр и художественнэ училищэр 1976 гъэм къиухащ, художник-оформитель IэщIагъэр иIэу. Къанокъуэр гъуазджэм и лIэужьыгъуэ куэдым зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Сурэт щIыным, графикэм къыдэкIуэу, декоративно-прикладной гъуазджэми зэфIэкIхэр щиIэщ - гъущIымрэ пхъэмрэ йолэжь. ИтIанэ, Руслан и лэжьыгъэхэр зыми хэбгъэгъуэщэнкIэ Iэмал иIэкъым, плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр апхуэдизкIэ екIуу зэхеухуанэри. И сурэтхэр щагъэлъэгъуащ «Панорама» художественнэ галереем, Минводы, Сочэ, Грознэ къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми. КъищынэмыщIауэ, и IэдакъэщIэкIхэм дихьэххэм Iэмал яIэщ ахэр зэпымыууэ щагъэлъагъуэ Radisson Blu (Сочэ), «Синдика» (Налшык) художественнэ салоным зыщыхагъэгъуэзэну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*




# ГъащIэ узыншэм къыхураджэ

**«ЩIэблэ узыншэ-2024» ведомствэхэм зэдай Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм хыхьэу Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» район жылагъуэ IэнатIэм и унафэщI Хьэмгъуокъу Тамарэрэ дохутыр-нарколог Iэщнокъуэ ФатIимэрэ ягъусэу, Анзорей къуажэм дэт еджапIитIым кIуэри, школакIуэхэм яхуэзащ.**

IУЭХУМ и къызэгъэпэщакIуэхэр школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ наркотикхэр зэхьэлIэным и зэранымыгъэм. Ягу къагъэкIыжащ лажьэ хабзэм къызэригъэувымкIэ, наркотикхэкIхэр игъэкIыным ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэм папщIэ жэуаплыныгъэ зэрахьыр.

Полицейхэм ныбжьыщIэхэм иратащ зытепсэлъыхьым теухуа хъыбархэр зытет буклетхэр икIи узыншэу псэуным къыхураджащ.

- Фэ балигъыпIэм фынэсащ, гъащIэм гъуэгу пэж къыщыхэфхынущ. Фыхуэпабгъэ щIэныгъэ нэхъыбэ зэвгъэгъуэтыным, ехъулIэныгъэхэр зыIэрывгъэхьэным фыхущIэкъу, фи къэкIуэнум фегупсыс, - къыхигъэщащ полицэм и лэжьакIуэм.

Iэщнокъуэ ФатIимэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ наркотикхэкIхэр зэхьэлIэным зэраныгъэу кърикIуэхэм.

ЗэIущIэм и кIэухыу полицэм и лэжьакIуэхэм, еджапIэхэм я унафэщIхэр ящIыгъуу, къуэдзэщхэр къызэхаплъыхьри, къегъэщIылIа щIыпIэхэри къапщытащ. НаркотикхэкIхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр къэгъэсэбэпыным ехьэлIауэ зыри къагъуэтакъым.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.487 • Заказыр №2526

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А